**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ ҲӘМ ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Ҳуқықтаныў кафедрасы**

# ПИТКЕРИЎ ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема: «Халық ҳәкимиятшылығы системасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары»**

**Орынлаған:** **Бекмуратов Тимурбек**
Тарийх ҳәм ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **Реймова Зухра**
Ҳуқықтаныў кафедрасы доценти, юридика илимлериниң кандидаты

Питкериў қәнигелик жумысы кафедрада алдын ала қорғаўдан өтти.
(2015 жыл _ _____ _- санлы баянламасы)
Кафедра баслығы ў.ў.а_________ И.Матжанов

**Нөкис-2015**

## МАЗМУНЫ

**Кирисиў**.........................................................................3-7

**I Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўдың тийкары**...............8-30

1.1. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм оның демократиялық жәмийеттеги орны.........................................8-13

1.2. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ўазыйпалары ҳәм ўәкилликлери.........................................................................13-29

1.3. Бапқа жуўмақ.........................................................................29-30

**II Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының тийкарғы принциплери, халық ҳәкимиятшылығы ҳәм мәмлекетлик уйымлар менен өз-ара қатнасығы мәселелери**....................................31-49

2.1. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының принциплери түсиниги. ...........................................................31-33

2.2. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының принциплериниң түрлери......................................................33-37

2.3. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мәмлекетлик уйымлар менен өз-ара қатнасы мәселеси...............................37-43

2.4. Өзин-өзи басқарыў – халық ҳәкимиятының бир формасы.............44-48

2.5. Бапқа жуўмақ.........................................................................48-49

**III Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары сайлаўларын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары**.......................................50-61

3.1. “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында”ғы (жаңа редакцияда) нызамның әҳмийети...............50-56

3.2.Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына сайлаў өткериўдиң принциплери.........................................................................56-61

3.3. Бапқа жуўмақ.........................................................................61

**ЖУЎМАҚЛАЎ**.........................................................................62-65

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**...............................65-73

## Кирисиў

**Теманың актуаллығы**. Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен сон, хуқықый демократиялық мәмлекет, жоқары раўажланған пуқаралық жәмийетти қурыўды өз алдына мақсет етип қойды. Елимиздиң раўажланыўы бүгинги күнде мәмлекетти басқарыўда ҳәмде демократиялық реформаларды әмелге асырыўда пуқаралардың белсене қатнасыўы менен байланыслы.

Мәлим болғанындай жәмийетлик турмыстың барлық машқалаларында орайдан турып шешиў мүмкин емес, себеби бул мәселелер жүдә беккем ҳәм мазмуны жағынан ҳәр түрли. Жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди шешиўди орайдан жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларына өткизиў басқарыў сапасын асырыўдың зәрүр қуралы болып есапланады. «Күшли мәмлекеттен - күшли пуқаралық жәмийетке қарай» концепциясының тийкарғы мазмун-мәниси де соннан ибарат.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметиниң анық ҳуқықый тийкарлары Өзбекистан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң пайда болды. Яғный өзин-өзи басқарыў уйымларының ҳуқықый тийкары биринши мәрте Конституциялық статусқа ийе болды. 1993 жылда «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы Нызамы биринши рет қабыл етилди. Ал екинши рет Қарақалпақстан Республикасында 1999-жыл ҳәм 2004-жылларда оларға тийисли өзгерислер ҳәм қосымшалар киритилди. 2013- жылда усы Нызам және де жетилистирилип, жаңа редакцияда қабыл етилди.

Қарақалпақстан Республикасының Конституциясында беккемлеп берилген өзин-өзи басқарыў ҳаққындағы статьялар (30, 99-статьялар) конституциялық системасының тийкарларынан бири болып есапланады. 2013 -жыл 5-июль жаңа редакцияда қабыл етилген “Пуқаралардың өзин-

өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы Нызамда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў, ғәрезсизлиги, оның республика Конституциясы ҳәм нызамлары менен кепилленгенлиги (3-статьяда), өзин-өзи басқарыў уйымлары жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасына кирмеслиги (8-статьяда) көрсетилген.

Пуқаралық ҳуқықларды әмелге асырыў сыпатында арнаўлы конституциялық нормалар системалы түрде әмелге асырылады ҳәм бул нормаларда өзин-өзи басқарыў уйымларына сайлаў ҳәм сайланыў, жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин әмелге асырыўда қатнасыў (30-статьяда), өзин-өзи басқарыў уйымларына жеке мурәжат етиў, жеке ҳалда ҳәм жәмәәт болып мүрәжаатлар бериў ҳуқықы беккемленген. Усындай түрде пуқаралардың жеке ҳуқықларынан тысқары тийкарынан жәмәәт болып әмелге асыратуғын көп ғана юридикалық кепилликлер системасы белгиленген. Мәканды дүзиў, қосып жибериў, бөлиў ҳәм өзгертириў пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымларының басламасына муўапық жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен әмелге асырылады («Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы Нызамның 6-статьясы). Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў арқалы әмелге асырылатуғын ҳуқық ҳәм еркинликлер идеясы ҳәр түрли екенлигин есапқа алған ҳалда Республиканың Конституциясында усы институт шахс пенен өз-ара қатнасықлары тийкарында додаланады.

Бул норма Тийкарғы Нызамның 30-статьясында көрсетилгенинен келип шығып, онда пуқаралардың жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда қатнасыў ҳуқықы енгизилген. Соның менен бирге олардың мәмлекетлик уйымлар хызмети үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў нызам менен белгиленди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды

және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында: “Ҳәзирги пайытта елимиз халқының сиясий-ҳуқықый мәденияты ҳәм жәмийетлик санасы дәрежесиниң өсип барыўы, жәмийетти демократияластырыў ҳәм либералластырыў процесслериниң жедел раўажланыўы, елимизде көп партиялылық системасының барған сайын беккемлениўи Мәмлекет басшысы болған Президент, нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлар ортасындағы ўәкилликлердиң және де теңдей бөлистирилиўин тәмийинлеў ушын зәрүр шәраятларды жүзеге шығармақта” – деп атап өткен еди [1].

Бүгинги күнде миллий демократиялық институт сыпатында ҳәр биримиздиң күнделикли турмысымызда, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары өзиниң орнын ийелегени сыр емес. Пуқаралар жыйынлары мәмлекетимиздеги ең көп санлы пуқаралық жәмийет институты. Өзбекистан Республикасы Президентиниң айтқанындай парламент пуқаралық жәмийети институтларын раўажландырыўда қабыл еткен, оған жақын нызамшылық ҳүжжетлери, соннан “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызамның жаңа редакциясы, “Социаллық шериклик ҳаққында”ғы нызам ҳәм басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер мәмлекетимизди социаллық-экономикалық раўажландырыў, пуқаралардың жәмийетлик белсендилигин асырыў, жәмийетимизде мәплердиң тең салмақлығын тәмийинлеў, сыяқлы әҳмийетли ўазыйпаларды шешиўде пуқаралық институтларының рөли ҳәмде әҳмийетин жәнеде күшейтирди.[2]

**Изертлеўдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының хызметин шөлкемлестириўдиң хуқықый

---

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты.

[2] И.Каримов «Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. 2015 йил 23 январь. Т.: “Ўзбекистон”, Б.7.

тийкарларын талықлаў; олардың хызметине тийисли қатнасықларды базар экономикасына өтиў принциплерин қоллаў тийкарында талықлаўда усынислар ҳәм жуўмақларды ислеп шығыўдан ибарат.

**Машқаланың үйренилгенлик дәрежеси**. Изертлеў жумысының теориялық-методологиялық ҳәм концептуаллық тәреплери Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов мийнетлеринде ҳәр тәреплеме ҳәм системалы жарытып берилген.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметине тийисли катнасықлар менен байланыслы мәселелер О.Ҳусанов, Ш.Жалилов, М.Сувонқулов, С.Султонов, К.Комилов, А.Саидов, М.Бойдадаев, Д.Аҳмедов, Г.Исмаилова, Е.Д.Кутыбаева, С.Д.Ниетуллаев, З.Реймова, Я.Олламов, Г.Маликова сыяқлы ҳәм басқа алымлар тәрепинен алып барылған илимий изленислеринде белгили дәрежеде үйренилген[1]. Бирақ, соның менен бирге, мәмлекетимизде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының халықшыл екенлиги, оның форма ҳәм методлары илимий көз-қарастан жетерли дәрежеде үйренилмегенлигин атап өтиў лазым.

**Изертлеўдиң объекти ҳәм предмети.** Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары менен байланыслы ҳуқықый мәселелери, олар жумысының тийкарғы принциплерин үйрениў, шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тийкарларын

[1] Жалилов Ш.И. Давлат ҳокимияти маҳаллий органлариислоҳоти: тажриба ва муаммолар . - Тошкент.: Ўзбекистон, 1994. - 192 б.; Маҳалла: ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқий кафолати. - Тошкент: 1999. - 320 б.; Кучли давлатдан - кучли жамият сари: тажриба, таҳлил, амалиёт. - Тошкент: Ўзбекистон 2001. - 160 б.; Ҳусанов О.Т. Мустақиллик ва маҳаллий ҳокимият. - Т: Шарқ, 1996. - 160 б.; Ўзбекистон Республикаси давлат органлари. - Т.: Шарқ. 1996. - 92 б.; Аҳмедов Д.Қ. Бозор муносабатлари шароитида давлат ижтимоий ҳимоя сиёсатининг ҳуқуқий жиҳатлари. Тошкент: ТДЮИ. - 209 б. 2007. Исмаилова Г.С. Ўзбекистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг ташкилий ҳуқуқий муаммолари: Юрид. фан. номз. ... дис. автореф. Тошкент, 2005. - 25 б.; Сувонқулов М Ўзбекистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг назарий-ҳуқуқий масалалари: Юрид. фан, номз. ... дис. автореф. Тошкент, 2002. - 22 б.; Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймова Қорақалпоғистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларининг шаклланиши ва ривожланиши, (Монография), Н.: “Билим”101 б.; З.Реймова. Корақалпоғистон Республикасида фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органларининг ҳуқуқий мақоми: Юрид. фан. номз. ... дис. автореф. Тошкент, 2004. - 21 б.; Е.Д.Кутыбаева, З.А.Реймова М.Адилова, Б.Дауменов, Қ.Низаматдинов “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаў системасында тутқан орны”(оқыў қолланба), Н.: “Қарақалпақстан”86 б.; М.Гуломов. Маҳалла - фуқаролик жамиятининг асоси. Тошкент: Адолат, 2003. - 303 б; Я..Олламов “Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариши халқ ҳокимиятчилигининг асоси, т.: “Шарқ” 2011 йил 284 б.

талықлаў сыяқлы мәселелер илимий жумыстың объекти ҳәм предметин пайда етеди.

**Изертлеўдиң методлары.** Изертлеўди әмелге асырыўда системалылық, машқалалы-мақсетли, салыстырмалы-ҳуқықый, әмелият нәтийжелерин улыўмаластырып илимий билимниң басқа усылларынан пайдаланылды.

**Изертлеў нәтийжелериниң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.** Изертлеў жумысында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыўдағы оның шексиз әҳмийети илимий ҳәм теориялық жақтан тийкарланады.

**Қәнигеликтиң дүзилиси ҳәм көлеми.** Диссертация кирисиў, он бир параграфты өз ишине алған, үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

## I Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурыўдың тийкары

### 1.1.Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм оның демократиялық жәмийеттеги орны

Ғәрезсиз Өзбекстан ҳәм суверенли Қарақалпақстанның жаңа конституцияларының қабылланыўы менен елимиздиң сиясий өмирине орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимияттың тийкарларынан есапланатуғын пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары кирип келди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары термини, Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының юридика илиминде, бириншисиниң, ғәрезсизликке, екиншисиниң суверенликке ерисиўиниң нәтийжесинде дүньяға келди. Бирақ ,өмир кеше басланған жоқ. мәмлекет, жәмийет бар екен, оларда өмир даўам етер екен, пуқаралар түрлише турмыс кеширип келди. Узақ ҳәм жақын (ғәрезсизликке шекемги) өтмишимизге нәзер салатуғын болсақ бурын аўыллық, поселкалық кеңеслер деп аталып, оларда мәмлекетлик аппараттың бир бөлеги болды ҳәм жәмийетти басқарды.

Бул мәселелерге тарийхый өткен ҳәм бүгинги заман басқышынан нәзер салсақ пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ямаса мәкан (мәҳәлле) тарийхы аз үйренилген. Бирақ солай болсада мәканлар ҳаққында азда болса айырым тарийхый дереклерге ийемиз. Орта Азияда, соның ишинде ҳәзирги Қарақалпақстан аймағында мың жыллар өмир сүрген бәрше киши-үлкен аймақларда барлық әҳмийетли мәселелерди ақсақаллар шешкен. Олардың қатарында салықларды жыйнаў, тәртип-тәрбия, жәмийетлик ислерге бағдарлаўларда болған. “Мәкан” сөзи бизге араб тилинен келген. Ол “махаллатун” яғный орын, жай сөзинен алынған. Адамлар арасында келип шыққан тартысларды мәканның өзинде шешкен. Мәкан әййемнен жергиликли ҳәкимияттың өзине мүнәсип бир формасы, көриниси сыпатында ҳәрекетте болған. Мәканды басқарыў жәмәәтлик

тийкарларында алып барылып, өзиниң тәртип қағыйдаларына ийе болған. Мәкан халқы бул қағыйдаларға бойсынған, бағынған. Мәкан ақсақалының ҳәм жәмәәтшиликтиң пикири шешиўши әҳмийетке ийе болған[1]. Мәкан өз аймағындағы үй-жайлардың, мүликлердиң алды-сатты ислеринде тиккелей араласа алған. Мәселен, сатылатуғын үй-жай әдетте алды менен төрт жақын қоңсыға, олар алмаған жағдайда, мәкан адамларына қоңсы-қобаларға сатылған. Бурынғы аўқам дәўиринде ҳәкимшилик буйрықпазлыққа тийкарланған дүзим мәканның ҳәрекетине, хызметине қысым етиў сиясатын алып барды.

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискен дәслепки күнлеринен-ақ ғәрезсизлик идеологиясы ҳәм улыўма дүнья жәмийетшилиги тән алған демократиялық принциплерге тийкарланған өзиниң мәмлекетлик қурылыс моделин қәлиплестириўге киристи.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 1992-жылы 8-декабрде қабыл етилиўи мәмлекет турмысындағы үлкен сиясий ҳәм тарийхый ўақыя болды. Онда XVII-бабы (70-75-статьялары) Қарақалпақстан Республикасының ҳуқықый статусына бағышланған. 1993-жылдың 9-апрелинде суверенли Қарақалпақстан Республикасының жаңа Конституциясы жарық көрди. Солай етип,Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўде, басқарыў ҳәм мәмлекетлик дүзилис түрлерине инсан ҳәм пуқараның ҳуқықлары, еркинлиги ҳәм миннетлерине байланыслы болған жәмийетлик ҳәм ҳуқықый қатнасықларды тәртиплестириўге кең жол ашып берди.

Қарақалпақстан Конституциясының бесинши тараўы республикада мәмлекетлик ҳәкимиятты шөлкемлестириўге арналған. Усы тараўдың XXI-бабы орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимияттың тийкарларына бағышланған болып оның 99-статьясында «Поселкалар, аўылларда, сондай-ақ

---

[1] Миракулов М., Хамидова К. Фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органлари фаолияти хуқуқий асосларини такомиллашуви. // Фуқаролик жамияти-2008.N4.

қалалардың мәкан кеңеслеринде баслықты (ақсақалды) ҳәм оның кеңесгөйлерин 2,5 жылға сайлайтуғын пуқаралар жыйынлары жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымлары болып табылады» - делинген.[1] Жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымларын сайлаў тәртиби олардың жумысын шөлкемлестириў ҳәм ўәкилликлериниң көлеми нызам менен тәртиплестириледи деп тастыйықланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарға Советиниң XXI-шақырық 14-сессиясында (24-декабрь, 1993-жыл) «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы қабылланды. «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамы жәрияланған күннен баслап өз күшине енгизилди. Нызамға муўапық өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқараларға жәмийеттиң ҳәм мәмлекеттиң ислерин басқарыўға қатнасыўды ҳуқықый әмелге асырыўға жәрдемлеседи, өз аймағында социаллық ҳәм мәдений ўазыйпаларды шешиў, ғалаба-халықлық мәдений илажларын жүргизиў, нызамларды Өзбекистан Республикасы Президентиниң пәрманларын, ҳүкимет шешимлерин, Қарақалпақстан Республикасы нызамларын, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумының қарарларын ҳәм бийликлерин, Қарақалпақстан ҳүкиметиниң, Халық депутатлары кеңеслериниң ҳәм ҳәкимлериниң шешимлерин орынлаўда мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларына жәрдемлесиў мақсетинде оларды бирлестиреди.

Нызамда «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары юридикалық тәреп сыпатында ҳуқықлардан пайдаланады ҳәм белгили үлгидеги мөрге ийе болады» – деп көрсетилген. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары аймақлық принципте дүзиледи. Мәкан кеңеслериниң өзин-өзи баскарыў уйымларының ҳәрекет ететуғын аймақларын пуқаралардың усынысы бойынша районның қаланын ҳәкими белгилейди, оның қабыл еткен шешимин соңынан тийисли халық депутатларының кеңеси

[1] Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. –Н: «Қарақалпақстан» 2014, 35-Б.

тастыйықлайды. Бизиң нәзеримизде «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Қаракалпақстан Республикасы (1993-жыл, 24-декабрь) Нызамының нормаларында көбирек шөлкемлестириў мәселелери шешилген еди.

1999-жылдың 28-августинде Жоқары Кеңестиң биринши шақырық XXIV-сессиясында «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Қарақалпақстан Республикасы Нызамы қабыл етилди. Бул нызам алдыңға нызамнан өзиниң заман талапларына жуўап бериў принципиаллығы менен бир қанша артықмашылықларға ийе. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы (жаңа редакциядағы) Нызамында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына түсиник береди, олардың ҳуқықын анықлайды, жумысларының тийкарғы принциплерин белгилейди. Яғный оның принциплери – бул демократизм, жәриялылық, социаллық әдиллик, адамгершилик, жәмийеттеги әҳмийетли мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик ҳәм жәмийетлик тийкарда өз-ара жәрдем. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, бир сөз бенен айтқанда, мәҳәллелер жоқарыда аты аталған нызамда өзиниң ықшам ҳәм түсиникли сәўлесин тапқан.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы»-атамасындағы баянатында[1]: "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў институты - мәҳәлле жумысының шөлкемлестириўшилик тийкарларын буннан былай да жетилистириў, оның ўазыйпаларының көлемин кеңейтиў, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары менен

[1] Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баяnaты.

өз-ара тығыз қатнасықларын тәмийинлеў айрықша үлкен әҳмийетке ийе екенлигин турмыс көрсетпекте. Бул ўазыйпаны шешиўде «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамына тийисли өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў мақсетке муўапық екенлигин айтқан еди. Бунда мәҳәллени анық бағдарланған тийкарда халықты социаллық қоллап-қуўатлаў, жеке исбилерменликти ҳәм шаңарақлық бизнести раўажландырыў орайына айландырыў, сондай-ақ, оның мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысы үстинен жәмийетлик қадағалаўды алып барыў системасындағы ўазыйпаларын және де кеңейтиўге айтарлықтай итибар қаратыў керек.

Усының менен бирге, "Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында"ғы нызамына пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары баслықларын сайлаў системасын және де жетилистириў бойынша ақсақаллар ҳәм олардың мәсләҳәтшилериниң ең мүнәсип пуқаралар арасынан сайланыўын, пуқаралардың социаллық белсендилигин күшейтиўде мәканның әҳмийети ҳәм рөлиниң арттырылыўын тәмийинлейтуғын илажларды нәзерде тутатуғын өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў усыныс етиледи.

Мәканды өзин-өзи басқарыў мектеби, егер былай айтатуғын болсақ, демократия сабақханасы деп атаў мүмкин.[1] Соны айтыў керек ғәрезсизликтиң нәтийжесинде Өзбекстан соның ишинде Қарақалпақстанда мәкан атамасы тарийхта биринши рет республика Конституциясына киргизилди. Оған халықтың өзин-өзи басқарыўының сийрек формасы сыпатында Конституциялық статус берилди. Ҳәзирги күнде мәканлар, мәкан кеңеслер жергиликли өзин-өзи басқарыўдың ғәрезсиз уйымы сыпатында тиккелей мәмлекет ҳәм жәмийетлик турмысқа байланыслы болған мәселелерди тийислисинше шешип атыр.

---

[1] Махалла.2009, 23-июнь.

Жоқарыда аты көрсетилген нызамның әмелий әҳмийети соннан ибарат болып, оған муўапық төменги басқарыў дизими есапланған пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына кең ҳуқықлар берилген, орынлардағы жәмәәтшилик ўәкилликлериниң мәмлекет ҳәм жәмийетти басқарыў ислерине толық қатнасыўлары кепилленген. Бул уйымлар мәмлекетлик жергиликли басқарыўдан ажратылған.

Жуўмақлап айтқанда жаңа редакциядағы нызамға муўапық мәкан пуқаралар жыйынларының ўәкилликлери мүмкин болғанынша кеңейтирилди. Бул уйымлар ҳәр тәрептен илажы барынша халыққа жақынластырылды. Бул өз гезегинде күшли мәмлекеттен күшли жәмийетке өтиў дәўиринде пуқаралардың орынларда мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ислерди басқарыўда белсене қатнасыўларын тәмийинлейди.

## 1.2. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ўазыйпалары ҳәм ўәкилликлери

Президентимиз И.А.Каримовтың айтқанындай, “Бүгинги күнде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жергиликли өзин-өзи басқарыў дизиминде ғәрезсиз буўын сыпатында тиккелей мәмлекет ҳәм жәмийетке тийисли болған бир қанша әҳмийетли мәселелерди шешпекте. Соны да айтыў керек бул жағдай мәмлекетлик ҳуқық илиминде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының әҳмийетли орны ҳәм рөли ҳаққындағы мәселени бүгинги заман талапларынан келип шығып, тийислисинше жуўап бериў ўазыйпасын жүклемекте”.

Биз жоқарыда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының қатарына пуқаралардың жыйынын киргизген едик.

Онда пуқаралар жыйыны деген не ? деген сораўға жуўап бериўимиз лазым. Пуқаралар жыйыны пуқаралардың өзин-өзи басқарыўдың жоқарғы уйымы болып, ол сол аймақта халықтың мәплерин жақлаў ҳәм оның

атынан тийисли орынларда ҳәрекет етиўши қарарларды қабыл етиў ҳуқықларына ийе. Пуқаралардың жыйынында шешим қабыллаўшылардың да жас цензи анықланған ҳәм оған 18-жасқа толған поселка аўыл ҳәм мәкан-кеңес аймағында турақлы жасайтуғын адамлар қатнасыўға ҳақлы.

Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик уйымлар белгили бир аймақта ҳәм мақсетте ҳәрекет етиўи ушын олардың ҳәр бири өзлерине тән ўәкилликлерге ийе болып, олар нызам ҳүжжетлеринде тастыйықланып бериледи. «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында» ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 10-статьясы поселка аўыл пуқаралар жыйыны ҳәм қаладағы мәкан пуқаралар жыйынының ўәкилликлерин тастыйықлайды.

Пуқаралар жыйынының нызам менен белгиленген ўәкиллерине дыққат аўдарсақ, шынында пуқаралар жыйынына үлкен ҳуқықлар берилгенлигин көриўимизге. Бул жағдай Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов «Өзин-өзи басқарыўдың халқымыз дәстүрине ҳәм қәдириятларына жүдә тән болған усылы мәҳәллелер дүзими соңғы жылларда үлкен абыройға ийе болып атыр. Олар әмелде өз ҳуқықларындағы барлық ислер ушын жуўапкер. Себеби мәҳәллениң қолынан келмейтуғын ис жоқ» - деген еди.[1]

Енди поселка, аўыл пуқаралар ҳәм қаладағы мәкан пуқаралар жыйыны ўәкилликлерине нызам ҳүжжетлери менен берилген қәлеген мәселени өзи көрип шығыў ушын алыў ҳәм шешиў ҳуқықына ийе.

Поселка, аўыл пуқаралар ҳәм қаладағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйыны ўәкилликлери төмендегилерден ибарат: Пуқаралар жыйыны өз баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин пуқаралар жыйыны жумысының баслы бағдарлары бойынша комиссияларының баслықларын ҳәм ағзаларын сайлайды, жылдың ҳәр шерегинде олардың есапларын

[1] Каримов И.А. XXI аср бусағасида хавфсизликка тахдид, барқарорлик шартлари ва тараққиет кафолатлари. - Т.:Ўзбекистон, 1997, 80-99-бб.

тыңлайды; пуқаралар жыйынының тексериў комиссиясын ҳәм нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайларда ҳәкимшилик комиссиясын сайлайды, олар ҳаққында режелер тастыйықлайды; белгиленген тәртипте баслықтың (ақсақалдың) кеңесгөйлерин ҳәм пуқаралар жыйыны кеңеси аппаратының санлы қурамын белгилейди, баслықтың (ақсақалдың) усынысы менен пуқаралар жыйынының жуўаплы хаткерин тыңлайды; кеңес тексериў комиссиясы ҳәм ҳәкимшилик комиссиясы жумысының баслы бағдарларын белгилейди, жылдың ҳәр шерегинде олардың есапларын тыңлайды; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымының жумыс алып барыў дәстүрин ҳәм шығынлар сметасын, аймақтағы комплексли раўажланыўды тәмийинлеў, елатлы пунктлерди абаданластырыў ҳәм олардың санитариялық аўҳалын жақсылаўға қаратылған илажлар жобаларын тастыйықлайды; нызамлар ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлериниң, сондай-ақ өз карарларының орынланыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады. Тойлар ҳәм басқада мәресимлерди өткериў бойынша усынıслар береди; жылдың ҳәр шерегинде районлар, қалалар ҳәкимлери ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси басшыларының пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысына тийисли мәселелер бойынша есабатларын тыңлайды; қоршап турған орталықты қорғаў ҳәм абаданластырыў мәселелери бойынша өзиниң ўәкиллиги шеңберинде тийисли аймақта жайласқан кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер басшыларының есабын тыңлайды; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының өз қаржыларын қәлиплестиреди, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мүлкине ийелик етеди, оннан пайдаланады ҳәм бийлик етеди; абаданластырыў жумысларын өткериў, улыўма пайдаланыўдағы орынларды оңлаў, сондай-ақ кем тәмийинленген шаңарақлардың жайларын ҳәм квартираларын оңлаўда жәрдем көрсетиў ушын халықтан ықтыярлы тийкарда қаржы жыйнаў ҳаққында қарар қабыл етеди; абаданластырыў, көгалландырыў ҳәм

санитариялық тазалық жумысларын өткериў ушын тийисли аймақта жайласқан кәрханалар ҳәм мекемелердиң қаржыларынан шәртнама тийкарында пайдаланыў ҳаққында қарар шығарады; өз аймағында социаллық инфраструктураны раўажландырыў ушын юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң қаржыларын ықтыярлы тийкарда бирлестириў мәселелери бойынша шешим қабыл етеди; пул қаржыларының сарпланыўы үстинен қадағалаўды шөлкемлестиреди; қоршап турған орталықты қорғаўға көмеклеседи; гүзарлар дүзиў бойынша мәселелерди көрип шығады; ҳәкимшилик аймақлық бирликлери ҳәм мәкан-кеңеслердиң шегараларын өзгертиў, мәкан-кеңеслер, көшелер, майданлар ҳәм басқада объектлердиң атамаларын өзгертиў ҳаққында тийисли мәмлекетлик уйымларға усынservлар киргизеди; жер қыйтақларын бериў (реализация етиў) мәселелерин қарап шығыў ушын район комиссиясына өз ўәкиллерин жибереди. Сондай-ақ өзин-өзи басқарыў уйымлары нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Қаладағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйыны усы статьяда нәзерде тутылған ўәкилликлерден тысқары, кем тәмийинленген шаңарақларға материаллық жәрдем көрсетиў ҳәм балалы мүтәж шаңарақларға напақалар тайынлаў мәселелерин шешеди, шаңарақларды мәмлекет тәрепинен социаллық қоллап-қуўатлаў мақсетлери ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ажыратылған қаржылардан орынлы ҳәм нәтийжели пайдаланыўды тәмийинлейди. Поселка аўыл пуқаралар жыйыны поселка, аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйынларына көмеклеседи, орайластырған түрде ажыратылған қаржылардан қалай пайдаланып атырғанлығы ҳаққындағы есапларын тыңлайды. Поселка, аўыл, мәкан-кеңес пуқаралары жыйынының ўәкилликлерине тоқтаймыз.

Поселка, аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйыны:

Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин, пуқаралар жыйынының жумысының баслы бағдарлары

бойынша комиссияларының баслықларын ҳәм ағзаларын сайлайды, жылдың ҳәр шерегиндеолардың есапларын тыңлайды; баслықтың (ақсақалдың) кеңесгөйлерин ҳәм пуқаралар жыйыны кеңеси аппаратының санлық қурамын белгилейди, баслықтың (ақсақалдың) усынысы менен пуқаралар жыйынының жуўаплы хаткерин тайынлайды; нызам талапларының сақланыўы ҳәм басқада нызам ҳүжжетлери ҳәм өз қарарлары, сондай-ақ поселка, аўыл пуқаралары жыйыны қарарларының орынланыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады; пул қаржыларының сарпланыўы үстинен қадағалаўды шөлкемлестиреди; пуқаралар жыйыны тексериў комиссиясын сайлайды, комиссия ҳаққындағы режени тастыйықлайды, жылдың ҳәр шерегинде оның есабын тыңлайды; аймақларда абаданластырыў ҳәм көгалландырыў бойынша илажлар жобасын белгиленген тәртипте тастыйықлайды; кем тәмийинленген шаңарақларға напақалар тайынлаў мәселелерин шешеди; шаңарақларда мәмлекет тәрепинен социаллық қоллап-қуўатлаў мақсетлери ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ажыратылатуғын қаржылардан орынлы ҳәм нәтийжели пайдаланыўды тәмийинлейди.

Өзин-өзи басқарыў уйымлары дегенде, пуқаралар жыйыны түсинилип бир қарағанда олардың ўәкилликлери бирдей көринседе, нызам нормаларына дыққат аўдарсақ, олардың ўәкилликлери арасында бираз өзгешеликлери бар екенин көрсетеди. Бул өзгерис өзин-өзи басқарыў уйымларының қайсы аймақта дүзилгенинен келип шығады. Мысалы: поселка, аўыл ҳәм қалалардағы дүзилген ҳәм ислейтуғын пуқаралар жыйынының ўәкилликлери поселка, аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйынының ўәкиллигинен кеңирек. Буны нызамның 10 ҳәм 11-статьяларында көриўге болады. Усы еки статьядан поселка, аўыл ҳәм қаладағы мәкан пуқаралар жыйынының , аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйынының ўәкиллери өз алдына көрсетилген, мысалы: 10-статьяда олардың жер мүнәсибетлерине арналған ўәкилликлери көрсетилген,

бундай ўәкилликлерге поселка, аўылдағы мәкан-кеңес пуқаралар жыйыны ийе емес[1].

«Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы пуқаралар жыйыны кеңесиниң ўәкилликлерин белгилеп береди. Бул нызамның 12-статьясына муўапық пуқаралар жыйынының қарарларын орынлаў ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының пуқаралар жыйынлары дәўириндеги күнделикли жумысларын әмелге асырыў ушын пуқаралар жыйынының баслығы (ақсақалы), оның кеңесгөйлери, пуқаралар жыйынының жумысының тийкарға бағдарлары бойынша комиссияларының баслықлары ҳәм жыйынның жуўаплы хаткери қурамында пуқаралар жыйынының кеңеси дүзиледи. Пуқаралар кеңеси жыйынының ўәкиллери төмендегилерден ибарат: пуқаралар жыйынын шақырады; пуқаралар жыйыны жумысының тийкарға бағдарлары бойынша комиссиялар жумысын муўапықластырады, қайырқомлық шөлкемлер ҳәм басқада шөлкемлер менен биргеликтеги илажлар өткериледи; пуқаралар жыйынының баслығының (ақсақалының) усынысы менен пуқаралар жыйыны кеңесиниң аппаратын дүзеди; ғалаба-сиясий, руўхый-ағартыўшылық, мәдений, спорт илажларын ҳәм басқа да илажларды өткериўде жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына жәрдем береди; ҳаял-қызлардың мәплерин қорғаў, олардың жәмийетлик турмыстағы, шаңарақта руўхый, әдеп-икрамлылық пайда етиўдеги, жас әўладты тәрбиялаў жумысындағы ролин көтериўге қаратылған илажларды көреди; дизимнен өтпеген диний шөлкемлер ҳәрекет етиўиниң алдын алыў, пуқаралардың диний көз-қарасы еркинлиги ҳуқықларының сақланыўын тәмийинлеў, диний көз-қарасты мәжбүрлеп сиңдириўге жол қоймаў илажларын көреди, ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери талапларының орынланыўына байланыслы

[1] Е.Д.Кутыбаева., З.А.Реймова. Қорақалпоғистон Республикасида фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларининг шаклланиши ва ривожланиши.-Н.: «Билим», 2005, 35-б.

болған басқада мәселелерди қарап шығады; тәрбия мәселелери бойынша билимлендириў мекемелери менен биргеликте ислеседи; өзгелердиң күтимине ҳәм жәрдемине мүтәж кексе пуқараларға патронажлық жәрдем усы мақсетке ажыратылған мәмлекетлик бюджет қаржыларының есабынан көрсетиледи; сол аймақта жасаўшы пуқараларды жумыс пенен тәмийинлеўге соның менен бирге үйинде жумыс ислеўин шөлкемлестириўге көмеклеседи; нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте киши кәрханалар, шаштәрезханалар, аяқ-кийим оңлаў ҳәм тигиў устаханалары, халық өнерментшилиги цехларын ҳәм халыққа турмыс хызметин көрсетиўши басқада кәрханаларды дүзиў, қайта дүзиў ҳәм тоқтатыў ҳаққында қарар қабыл етеди, бул қарар кейин ала пуқаралар жыйынында тастыйықланады; халықтың турақ жайларын, шарбақлардағы жайларды, шарбақлар ҳәм үйлердиң әтирапын абаданластырыў, көгалландырыў ҳәм таза тутыў, балалар ҳәм спорт майданшаларын үскенелеў, жоллар, көпирлер, көшелер, тротуарлар, коммунал тармақларын қурыў, оңлаў ҳәм жарамлы түрде сақлаў, тарийхый ҳәм мәдений естеликлерин, қәбиристанларды оңлаў жумысларында ықтыярлы тийкарында қатнасыўын шөлкемлестиреди, район, қала ҳәкимлиги ажырататуғын материаллық ҳәм басқа да қаржыларды, өзиниң қаржыларын усы мақсетке пайдаланады, жәмийетлик жәрдемди (қашарларды) шөлкемлестиреди, көриклер ҳәм таңлаўлар өткереди; жанар май,электр ҳәм ыссылық энергиясы, суўдан үнемли пайдаланыў ҳәм олардың тийкарсыз сарпланыўын кеңейтиўге қаратылған илажлар өткериледи; дийхан ҳәм фермер хожалықларын раўажландырыўға жәрдемлеседи; тийисли аймақтағы жерлердиң пайдаланылыўы ҳәм қорғалыўы бойынша жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады; саўда ҳәм турмыс хызметин көрсетиўши кәрханалардың жумысы, тийисли аймақта жәмийетлик тәртипти тәмийинлеўде, соның менен бирге пуқаралардың келиўин ҳәм кетиўин еспақа алыўды шөлкемлестиреди, өспиримлер ҳәм

жаслар арасында ҳуқық бузыўшылықтың алдын-алыў жумысында жасы толмағанлардың ҳуқықларын қорғаўда ҳуқық қорғаў орғанлары менен бирге ислеседи; елатлы пунктлер, суў менен тәмийинлеў дереклери, турақ жайлар, мектеплер ҳәм басқада билимлендириў, санитариялық ҳәм экологиялық жағдайын қадағалаўды әмелге асырыўға өз жумысын бағдарлайды; өрт қәўипсизлиги талапларына, ҳайўанатларды қорғаўға тийисли ветеринария қәделериниң сақланыўын қадағалаўды әмелге асырыўға көмеклеседи; имаратлар қурыў, шарбақлар ҳәм турақ жайлар әтирапындағы аймақларды азада сақлаў қәделериниң сақланыўы бойынша жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады; турақ жай қорынан пайдаланыў ҳәм оның сақланыўын тәмийинлеўде пуқараларға жәрдем береди; халықтан салықлар ҳәм мәжбүрий төлемлердиң өз ўақтында келип түсиўине көмеклеседи; пуқаралар турақ жайдан пайдаланыў шығынларын ҳәм коммуналлық хызмет ҳақысын банк мекемелери арқалы есапласып, толық ҳәм өз ўақтында төлеўлерин коммуналлық хызмет көрсетиў кәрханалары менен бирликте шөлкемлестиреди ҳәм қадағалайды; халықтың турақ жай коммунал хызметлери ҳақысын толық тәмийинлегени ушын пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымына өткерилетуғын қаржыларды белгиленген тәртипте ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларға турақ жай коммунал хызметлери ҳақысын төлеўде жәрдем бериўге, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының хызметлерин хошаметлеўге, сондай-ақ абаданластырыў жумысларын өткериўге пайдаланады; пуқараларды тәбийий апатшылыққа қарсы гүреске ҳәм олардың ақыбетлерин сапластырыўға тартады; халықты пуқаралық қорғаныў бойынша илажларды өткериўге тартады, әскерий хызметке миннетлилер ҳәм шақырыўшыларды қорғаныў ислери бөлимлерине шақырылып атырғанлығын хабардар етиўди ҳәм шақырыўды шөлкемлестириўге көмеклеседи, сондай-ақ поселкалар аўылларда олардың жеке басланғаш есабын жүргизеди; жазаны өтеў мекемелериниң азат

етилген адамларды социаллық мийнетке тиклеў ҳәм жынаятшылықтың алдын алыўға тийисли илажларды социаллық бейимлестириў орайлары менен бирликте әмелге асырады; бурын судланған ҳәм ҳуқық бузарлық ислеўде бейим басқада адамларға тәсир етиў ушын ветеранлардан, ҳаял-қызлар ҳәм жаслар, мәдeният ҳәм дин ўәкиллери қурамында комиссиялар дүзеди. Пуқаралар жыйынының кеңеси нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

Жоқарыда келтирилген пуқаралар жыйынының ўәкиллери «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы» Қарақалпақстан Республикасы нызамының 12-статьясында тастыйықланған. Пуқаралар жыйыны кеңесиниң ўәкилликлерине додалайды екенбиз, нызамның бул статьясында белгиленген ҳуқықый нормалар пуқаралар жыйынының жәмийеттеги атқаратуғын хызмети инсан өмир сүрип атырған ҳәр бир мәкҳанда әмелге асырылатуғын ийгиликли ислериниң гуўасы деп билиў керек. Нызам нормалары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў аймағындағы шешилиўи керек болған машқалалардың дерлик барлығын қамтыйды деп айта аламыз.

Жоқарыдағылардан келип шығып жуўмақлайтуғын болсақ пуқаралардың өзин-өзи баскарыў уйымлары, пуқаралар жыйыны хуқықый мәмлекет, әдил пуқаралық жамийет қурып атырған Өзбекистанның оның ажыралмас бир бөлеги болған Қарақалпақстанның демократиялық раўажланыў принциплерине толық жуўап береди деп айтыўымызға толық исеним ҳәм илимий дәлил бар.

Нызамда пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақалының) ўәкилликлерине де үлкен итибар берип, нызамның 14-статьясы усы мәселеге бағышланған. Биз төменде пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақалының) ўәкилликлерине кеңирек тоқтап, оларға ҳуқықый көз-қарастан нәзер саламыз.

Нызамға муўапық ол: Пуқаралар жыйынын шақырады, баслықтың кеңесгөйлерин, жуўаплы хаткерин пуқаралар жыйыны жумысының баслы бағдарлары бойынша комиссиялар ҳәм ҳәкимшилик комиссиясы баслықлары ҳәм ағзаларының кандидатураларын сайлаў ушын пуқаралар жыйынына усынады; нызамлар ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлериниң, пуқаралар жыйынына ҳәм оның кеңеси қарарларының орынланыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў бойынша жумысларды шөлкемлестиреди; мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларында, судта, юридикалық ҳәм физикалық тәреплер менен қатнасықларында пуқаралардың мәплерин жақлайды; пуқаралар жыйыны қаржыларына нызам ҳүжжетлерине муўапық бийлик етеди; ийесиз мүликтиң, сондай-ақ мийрас ретинде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына өткен мүлкти сақланыўы бойынша илажлар көреди; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы атынан шәртнамалар, соның ишинде мийнет шәртнамаларын дүзеди; кем тәмийинленген шаңарақлардың сондай-ақ тәбиийй апатшылықтан жәбир көрген пуқаралардың материаллық ҳәм турақ жай, турмыс жағдайларын жақсылаў ҳаққында тийисли уйымларға усыныслар киргизеди; өз аймағында жасаўшылардың есабын алып барыўы, сондай-ақ тийисли аймақта жәмийетлик тәртипти тәмийинлеўде, соның ишинде пуқаралардың келиўи ҳәм кетиўин есапқа алыўды шөлкемлестириўде, өспиримлер ҳәм жаслар арасында ҳуқық бузарлықлардың алдын алыўда ҳуқық қорғаў уйымларына көмеклесиў жумысларын шөлкемлестиреди; жасы толмағанлардың ҳуқықларын қорғаў бойынша жәмийетлик жумысты шөлкемлестиреди, ата-аналарының қәўендерлигинен айрылған балаларды тийисли мәмлекетлик уйымларға орналастырыўға жәрдем етеди; тийисли аймақта байрам күнлери ҳәм белгили сәнелерге байланыслы ғалаба илажлардың өткерилиўин шөлкемлестиреди; дизимнен өтпеген диний шөлкемлердиң ҳәрекет етиўин, диний көз-қарасты мәжбүрлеп енгизиў жағдайларының алдын алыўды

шөлкемлестиреди, ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине муўапықластырыў менен байланыслы басқа да мәселелерди шешеди; пуқараларды қабыллайды, олардың шағымларын, арзаларын ҳәм усынысларын қарап шығады; пуқараларға олардың семьялық ҳәм мүликлик жағдайы туўралы мағлыўматлар ҳүжжетлер ҳәм нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа да ҳүжжетлер берилиўин тәмийинлейди; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының өз ўәкилликлери шегинде қабыл етилген қарарларын орынламағанлығы ямаса тийисли дәрежеде орынламағаны ушын лаўазымлы адамларды жуўапкершиликке тартыў ҳаққында нызамда белгиленген тәртипте тийисли уйымларға усынислар береди. Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады[1].

Поселкалар, аўыллар пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақаллары) нызам нормалары менен белгиленген әҳмийетли ўәкилликлериниң бири, олар тәрепинен айырым юридикалық жағдайлардың дизимге алыныўы ҳәм нотариал ҳәрекетлердиң әмелге асырылыўы болып есапланады, ақсақаллар белгили тәртипте пуқаралық жағдайы актлерин дизимге алыўдың төмендеги түрлерин орынлай алады: туўылыў, өлиў, некеден өтиў ҳәм ажрасыў, әкеликти белгилеў. Елатлы пункте нотариус болмаған жағдайда айырым нотариал ҳәрекетлерди әмелге асырады; ўәсиятнамаларын тастыйықлайды; автомототранспортты басқарыў ҳәм бийлик етиў ҳаққындағы исеним қағазлардан басқа исеним қағазларды тастыйықлайды; мийрас мүликтиң қорғалыўы бойынша илажлар көреди; ҳүжжетлер нусқаларының ҳәм ҳүжжетлерден алынған көширмелердиң дурыслығына гуўалық береди, (билими ҳаққындағы ҳүжжетлер буған кирмейди); ҳүжжетлерге қойылған имзалардың ҳақыйқатлығына гуўалық береди, олар

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

нызамларда нәзерде тутылған басқа да нотариал ҳәрекетлерди әмелге асырыўы мүмкин.

Нызамның 14-статьясында нормаларынан келип шығып, поселка, аўыл пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақалы) ўәкилликлерин таллайтуғын болсақ, бул жоқарыда көрсетилген мәселелерди атқарыў ушын ақсақалдың юридикалық саўаты болыўы талап етиледи. Сонлықтан пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ақсақалы, ямаса оның жуўаплы хызметкерлериниң биреўи қәнигелиги бойынша юрист болыўы лазым[1]. Егерде бул лаўазымларда басқа қәнигеликтеги адамлар ислеп атырған болса, онда олардың ҳуқықый саўатын көтериў ушын курслар шөлкемлестирилип тийисли илажлар исleниўи керек болады.

Нызамның 15-статьясына муўапық пуқаралар жыйынының тексериў ҳәм ҳәкимшилик комиссиялары ҳәрекет етеди. Тексериў комиссиясы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының финанс хожалық жумысын тексериў, ҳәкимшилик комиссиясы ҳәкимшилик ҳуқықлары ҳаққындағы өз ўәкилликлери шегиндеги жумысларды қарап шығыў ушын дүзиледи. Бул комиссиялар өз жумысын ғәрезсиз әмелге асырады ҳәм тек ғана пуқаралар жыйынына есап береди. Олар пуқаралар жыйыны тастыйықлаған режелер бойынша жумыс ислейди.

Нызамның 17-статьясы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысын муўапықластырыў мәселелерине бағышланған. Усы мақсетте бул статьяда республикалық ақсақаллар кеңеси, сондай-ақ пуқаралардың өзин-өзи басқарыў кеңеси бойынша районлық, қалалық муўапықластырыў кеңеслери дүзилиўи нәзерде тутылған.

Нызамда 18-статьясында пуқаралар жыйынын шақырыў тәртибинде тастыйықланған. Оған муўапық пуқаралар жыйыны пуқаралар жыйынының баслығы (ақсақалы), жыйын кеңеси тәрепинен зәрүрлигине

[1] З.А.Реймова, Место органов самоуправления граждан в ситеме публичного управления. Жамият ва бошқарув, 4-сон, 2014-йил, 64-Б.

қарай, лекин жылдың ҳәр шерегиндекеминде бир мәрте шақырылады. Пуқаралар жыйыны халық депутатлары районлық, халық кеңесиниң, район, қала ҳәкиминиң 18-жасқа толған ҳәм усы аймақта турақлы түрде жасайтуғын пуқаралардың ең keминде үштен бириниң интасы бойынша шақырылыўы мүмкин. Пуқаралар жыйыны пуқаралар қатнасы ҳуқықына ийе болған адамлардың ярымынан асламы қатнасқан жағдайда ҳуқықлы деп табылады. Пуқаралар жыйынын алып барыў ушын президиумы сайланады. Жыйынды пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ямаса баслықтың кеңесгөйлеринен биреўи алып барады. Барлық мәселелер бойынша шешимлер ашық ямаса жабық даўыс бериў арқалы әпиўайы даўыс пенен қабыл етиледи.

Ҳәр бир жыйында баяннама жазылады ҳәм жыйналыс өткерилген сәне, қатнасқан пуқаралар саны, күн тәртиби ҳәм қабыл еткен шешимлер көрсетиледи. Пуқаралар жыйынының баяннамасы ҳәм шешимине пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм жуўаплы хаткери қол қояды, баслық (ақсақалы) жоқ ўақтында пуқаралар жыйынының баяннамасына баслықтың кеңесгөйлериниң бири ҳәм жуўаплы хаткери қол қояды. Пуқаралар жыйынын шақырыў мүмкиншилиги болмағанда, пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы өткериледи. Жыйналысқа ҳәўлилер, турақ жайлар, көшелер, мәкан-кеңеслер, киши районлар, кварталлар ҳәм басқада аймақлық дүзилислерден пуқаралардың ўәкиллери қатнасыўы мүмкин. Пуқаралар жыйынларының ўәкиллериниң жыйналысы оған ўәкиллердиң ең кеминде үштен екиси қатнасқан жағдайда ҳуқықлы деп табылады.

Пуқаралар кеңесиниң жумыс ислеў тәртиби усы нызамның 19-статьясында белгиленип берилген. Онда тастыйықланғанындай, пуқаралар жыйыны кеңеси пуқаралар жыйынының баслығы (ақсақалы) тәрепинен зәрүрликке қарай, бирақ кеминде айына бир мәрте өткериледи. Пуқаралар жыйыны кеңесиниң мәжилиси, егер оның жумысына кеңес ағзаларының кеминде үштен екиси қатнасып атырған болса, ҳуқықлы болып

есапланады. Шешим, егер оны пуқаралар жыйыны кеңесинде ағзаларының ярымынан асламы даўыс берген болса, қабыл етилген болып есапланады.

Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалдың) ўәкиллерин мүддетинен бурын тоқтаў мәселелеринде нызам нормаларында анықланған. Оған муўапық баслықтың ўәкиллеринен бас тартқанда, пуқаралар жыйыны қарарына тийкарланған жағдайда белгиленген тәртипте жумысқа жарамсыз деп табылғанда, оны айыплайтуғын судтың ҳүкими нызамлы түрде күшке киргенде тоқтатылады. Нызамда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысын шөлкемлестириў мәселериде анықлап белгиленген. Олардың жумысларын шөлкемлестириўди пуқаралар жыйыны кеңеси ҳәм пуқаралар жыйынының баслығына (ақсақалына) жүклейди. Баслықтың кеңесгөйлери арасында ўазыйпаларды бөлистириў пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақалының) усыныс бойынша жыйын тәрепинен әмелге асырылады. Пуқаралар жыйыны кеңеси өз аппаратына ийе, оның хызметкерлериниң саны жыйын тәрепинен белгиленеди. Жыйынның жуўаплы хаткери ҳәм кеңес аппараты хызметкерлери жыйында, кеңес мәжилис өткериўге керекли материалларды таярлайды, жыйынның, кеңестиң ҳәм баслықтың (ақсақалдың) шешимлерин орынлаўшыға өз ўақтында жеткерилиўин тәмийинлейди, ис жүргизиўди алып барады[1].

Пуқаралар жыйынының баслығы (ақсақалы) жуўаплы хаткери ҳәм кеңес аппараты хызметкерлери пуқаралар жыйынының қаржылары есабынанда, нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жергиликли бюджет қаржылары есабынан да тәмийинлениўи мүмкин. Нызамның 26-статьяларында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мүлики олардың жумысының қаржы тийкарлары анық айқын көрсетилип

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

берилген. Нызамның 26-статьясына муўапық пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен пайда етилген, алынған ямаса нызамда белгиленген тәртипте оларға тапсырылған жәмийетлик, социаллық турмыс ҳәм басқа да мақсеттеги объектлер, сондай-ақ транспорт қураллары, хожалық үскенелери ҳәм басқа да көшетуғын ҳәм көшпес мүлик олардың мүлки болып есапланады[1]. Олар өз мүлки болған объектлерди ўақытша ямаса турақлы түрде пайдаланыўы ушын юридикалық ҳәм физикалық тәреплерге бөлиўге, ижара тапсырыўға, белгиленген тәрепте өз ийелигинен шығарыўға, сондай-ақ нызам ҳүжжетлерине муўапық усы мүлик пенен байланыслы басқа да келисимлер дүзиўге ҳақылы екени тастыйықланады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының қаржы тийкарлары (24-статья) олардың өзлериниң халық депутатлары районлық ҳәм қалалық, кеңеслери тәрепинен белгиленген тәртипте ажыратылған бюджетинен, юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң ықтыярлы қайыр-сақаўатларынан, сондай-ақ нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа да қаржылардан қуралады. Олардың пул қаржылары банк мекемелеринде өз алдына есап бетлринде сақланады ҳәм белгиленген тәртипте олар тәрепинен өз бетинше пайдаланылады, бирақ бул пул қаржыларынан алып қойылыўына жол қойылмайды. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызамның 24-статьясында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметиниң финанслық тийкарын белгилеп береди. Оған муўапық пуқаралар өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметиниң тийкары өз қаржыларынан, халық депутатлары район, қала Кеңеслери тәрепинен белгиленген тәртипте ажыратылған бюджет қаржыларынан, юридикалық ҳам физикалық шахслардың қайыр-сақаўатларынан, сондай-ақ нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа қаржыларынан пайда болады делинген.

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

Пуқаралар жыйынының кеңеси пул қаржыларынан пайдаланғанлығы туўралы жылдың хәр шерегиндепуқаралар жыйыны алдында есап берип турыў лазым. Сондай-ақ бул буйымлар өз жумысының есабын жүргизеди ҳәм нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жергиликли статистика ҳәм мәмлекетлик салық уйымларына есап береди. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы Қарақалпақстан Республикасы нызамының нормаларында олардың лаўазымлы адамларына мүрәжәәтлерин қарап шығыў шәртлиги, оларды қайта дүзиў ҳәм жумысын тоқтатыў мәселелерди ҳуқықый жол менен анықлап берилген. Сондай-ақ пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумыс менен байланыслы тартыслар суд тәрепинен шешилетуғынлығына да белгиленген.

Жоқарыда баян етилгенлерден келип шығып, бул параграфта сәўлеленген Қарақалпақстан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары реформасының ҳуқықый тийкарлары мәселелерине жуўмақ жасайды екенбиз, биз онда Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 99-статьясына муўапық «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында» ғы нызамның нормаларына сүйене отырып Қарақалпақстанда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары реформасын ис жүзинде әмелге асырылыўы илимий ҳәм ҳуқықый жақтан дурыс екенине беккем исеним билдиремиз.

Бул актуал мәселени үйрениў соны көрсетти, олда болса Қарақалпақстан Республикасы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмысында пайда болыўы ҳәм ҳәзирги заманда исенимли өмир сүриўи Өзбекстанда ҳәм оның ажыралмас бир бөлеги болған Қарақалпақстанда әдил пуқаралық жәмийет қурыўға беккем тийкар салады.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 7-статьясында белгиленгениндей: «Халық мәмлекетлик ҳәкимияттың бирден-бир дереги

болып табылады»[1] - делинген. Демек, пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында әмелге асырылыўы жоқарыда айтқан пикиримиздиң айқын дәлили болады.

Бул параграфта Президентимиз алға қойған ең әҳмийетли мәселени ҳәзирги заман басқышында Конституция, нызамлар тийкарында әмелге асырылып атырғанына толық ҳуқықый мүмкиншиликлер жаратылғанын ҳәм оның исенимли раўажланыўына кең жол ашылғанын пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары реформасының ҳуқықый тийкарлары мысалында илимий көз-қарастан тийислисинше сәўлелендирдик.

## 1.3. Бапқа жуўмақ

Усы бапта көрип шығылған мәселелерди анализлеў тийкарында төмендеги жуўмаққты билдиремиз:

Бириншиден, мәмлекетлик ҳәкимият уйымларыда, өзин-өзи басқарыў уйымларыда жергиликли әҳмийетке байланыслы мәселелерди шешеди, өз хызметинде халықтың басламасына сүйенеди, халықты ҳәкимият ислерин басқарыўда қатнастырады.

Екиншиден, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў институтының тийкарғы көриниси болған мәкан - бир неше әсирлерди өз ишине алатуғын, халық менталитетине тийкарланған миллий ҳәм ҳуқықый қәдириятлар сақланатуғын, сиясат ҳәм экономиканың, мәмлекетлик ҳәм мәдений турмыстың актуаль мәселелерине тийисли улыўма пикир қәлиплесетугын, адамлардың жәмийеттеги әдеп-икрамлық қағыйдалары белгиленетуғын әийемги бирлеспе болып табылады.

Үшиншиден, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў системасын раўажландырыў алдымызда турған ўазыйпаларды сапалы шешиўге қаратылған ҳәрекет болып есапланады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: «Қарақалпақсан», 2014-жыл, 12-Б.

демократиялық реформаларды әмелге асырыўда, базар қатнасықларын сапалы жолға қойыўда әҳмийетли қурал болып хызмет етеди.

Төртиншиден, өзин-өзи басқарыў халықтың мәплерин есапқа алған ҳалда әмелге асырады. Бунын мәниси соннан ибарат, өзин-өзи басқарыў структурасының мүлки ҳәм финанслық ресурсларын басқарыў халықтың мәплери жолында әмелге асырылады. Халық бул хызметти қадағалаўға алады, бул ҳаққында есабат бериўге ҳақлы болып есапланады[1]. Өзин-өзи басқарыў хызметиниң мине усы қәсийети өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслардың халық мәплерин билдириў ҳәм қорғаўда мәмлекет, жәмийетлик шөлкемлер, мекемелер ҳәм бирлеспелер менен биргеликте ҳәрекет етиў зәрүрлигин талап етпекте.

Бесиншиден, “Өзбекистан Республикасында пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызмети” деп аталатуғын нызамды ислеп шығыўды турмыстың өзи талап етпекте.

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

## II Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының тийкарғы принциплери, халық ҳәкимиятшылығы ҳәм мәмлекетлик уйымлар менен қатнасығы мәселелери

### 2.1. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының принциплери түсиниги

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының өзин-өзи басқарыўдың принциплери, булл мәмлекетимиз конституциясы ҳәм нызамларында беккемленген, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының тәбияты менен байланыслы жергиликли әҳмийетке тийисли жумысын әмелге асырыўды шөлкемлестириўши тийкарғы қағыйдалар топламы.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары принциплеринде төмендеги өзине тән болған объектив қағыйдалар ҳәм идеялар өз көринисин тапқан:

*бул принциплер - Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан Республикасының барлық аймағында пуқаралардың өзин-өзи басқарыўды шөлкемлестириўши ҳәм жумысының бирдейлигин белгилеп береди;

*бул принциплер – теориялық тийкар сыпатында пуқаралардың өзин-өзи басқарыўдың мәниси, оның өзине тән қәсийетлери ҳәм белгилерин анықлаўға жәрдем береди;

*бул принциплер - пуқаралардың өзин-өзи басқарыў системасын, өзин-өзи басқарыў қағыйдаларында көрсетилген тийкар ҳәм идеяларға қәншелли туўрылығы белгили болады;

*бул принциплер - пуқаралардың өзин-өзи басқарыў мәниси, белгилери ҳәм қәсийетлерин өзинде көрсетип, өзин-өзи басқарыў институтының раўажланыў избе-излигин тәмийинлейди;

*бул принциплер - пуқаралардың өзин-өзи басқарыў кепилликлерин өзинде сәўлелендирип, жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди

шешиў бойынша олардың ҳуқықларын тәмийинлеп бериўге жәрдем береди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының тийкарғы принциплери өзин-өзи басқарыўда пуқаралардың тең ҳуқықлығын тәмийинлеўге қаратылған болып, пуқаралардың өзин-өзи басқарыўдың демократиялық концепциясының «ҳуқықый сыншы (қабырғасы)» болып есапланады. Бул принциплер шеңберинде пуқаралар өзин-өзи басқарыўдың тарийхый қәсийетлери, миллий қәдириятлар, үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлер есапқа алынған ҳалда ҳуқықый жақтан тәртипке салыныўды әмелге асырады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы принциплериниң әмелге асырылыўы оларды тек ғана әмелдеги нызамшылықта ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының режелеринде ҳуқықый жақтан беккемленип ғана қойылмастан, сондай-ақ соның менен бирге булл уйымлардағы жумыстың шөлкемлестириўшилик формалары ҳәм методларыда бул принциплерге сай келиўи менен тәмийинленеди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекеттеги демократиялық институтлар системасында жетекши статусқа ийе. Оны шөлкемлестириў хызмети демократиялық принциплерге тийкарланады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўға тийисли ҳуқықларын шеклеўден қадаған етиледи. Нызамда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының тийкарғы принциплери нызамлылық, инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң үстинлиги, демократизм, жәриялылық, социаллық, әдиллик, жергиликли әҳмийетли ийе мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик, жәмийетлик тийкарда өз-ара жәрдем, социаллық шериклик, жергиликли үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлерди есапқа алыўдан ибарат -деп белгиленилген. Бул статьяның нормалары ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет қурып атырған Өзбекстан ҳәм оның қурамындағы суверенли Қарақалпақстанның

турмысындағы үлкен сиясий ўақыя болып, бул принциплер олардың келешекке қарай раўажланыўына кең жол ашып береди. Жергиликли өзин-өзи басқарыўдың көрсетиўши әҳмийетли белгилердиң бири оның өз хызметлерин аймақлық принциплер тийкарында шөлкемлестириўи болып есапланады.

## 2.2. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының принциплери түрлери

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысының тийкарғы принциплери: нызамлылық; нсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң үстинлиги; демократизм; жәриялылық; социаллық әдиллик; жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик; жергиликли үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлерди есапқа алыўдан ибарат[1] - екенлиги көрсетилген.

Усы принциплерге айрықша тоқтап өтсек:

1. Нызамлылық принципи – барлық мәселелер нызам тийкарында әмелге асырылыўы, нызам алдында ҳәммениң теңлиги, нызам үстинлигинде көринеди. Нызамлылық принципи мәмлекетлик хызмет принципи болып, ол социаллық турмыстың унамлы тәсир етиўши шәрти болып есапланады.

Нызамлылық принципи бул барлық мәмлекетлик уйымлар, лаўазымлы шахслар, хызметкерлер, жәмийетлик бирлеспелер, мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳәм пуқаралардың нызам ҳәм басқа нызамлы ҳүжжетлерге муўапық ҳәрекет етиўине айтылады.

Нызам үстинлиги принципиниң түпкиликли мәниси соннан ибарат, жәмийет турмысындағы ең әҳмийетли, тийкарғы социаллық қатнасықлар нызам менен тәртипке салынады. Буннан жуўмақ инсан, оның ҳуқық ҳәм

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

еркинликлери жоқары байлық. Демек, инсан ҳуқықлары, еркинлиги ҳәм мәплери менен байланыслы барлық мәселелер тек ғана нызам менен белгилениўин талап етеди. Дүньядағы демократиялық раўажланған көплеген мәмлекетлерде бул талапқа қатты итибар бериледи. Мине усы жоқарыдағы нормалардан келип шыққан ҳалда, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқараларды нызамға ҳүрмет пенен қараўда тәрбиялайтуғын әҳмийетли ўазыйпаларды атқарады.

2. Инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң үстинлиги принципи – бунда шахс мәплери, пуқара мәплери үстин қойылыўда, пуқаралардың ар-намысы, қадир-қымбаты орнына қойылыўында, жаслардың әдеп-икрамлық тәрбиясыда болыўында көринеди.

Бүгинги Тийкарғы Нызамымызда болса мәмлекет де, жәмийет де, биринши гезекте инсан мәплерине хызмет етиўи, оның ҳуқықларын қорғаў тийкарғы принциплер сыпатында белгиленди[1]. Сол себепли, мәмлекетимиз Конституциясы жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салыўға Өзбекистан тарийхында биринши рет инсан мәплери, оның ҳуқықларының ҳәм еркинликлериниң мәмлекетке қарағанда оның үстинлигин тән алыў тәлийматына сүйенеди. Атап айтқанда, Өзбекистан Республикасы Конституциясының 13-статьясында: «Өзбекистан Республикасында демократия улыўма адамгершилик принциплерине тийкарланады, буларға муўапық адам, оның турмысы, еркинлиги, ар-намысы, адамгершилиги ҳәм басқа да ажыралмас ҳуқықлары ең жоқары байлық болып табылады. Демократиялық ҳуқықлар ҳәм еркинликлер Конституция ҳәм нызамлар менен қорғалады»[2], - делинген.

---

[1]Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. 9-том. - Т., «Ўзбекистон», 2001, 135-Б.
[2]Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т., «Ўзбекистон», 2014, 6-бет.

3. Демократизм принципи – пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларын шөлкемлестириўде, хызметинде аймақтағы барлық халық толық түрде қатнасады. Мәселелер көпшилик даўыс пенен қабыл етиледи. Демократизм принципинде халық ҳәкимияты, яғный азшылықтың көпшиликке бойсыныў қағыйдасы ҳәрекет етеди, және пуқаралардың еркинлиги ҳәм тең ҳуқықлығы көрсетиледи. Халық ҳәкимияты дегенде, ҳәкимияттың тек ғана халыққа тийисли екенлиги, мәмлекет халықтың ерк-ықрарын билдириўи ҳәм оның мәплерине хызмет етиўи лазымлығы, мәмлекетиң тийкарғы ўазыйпаларынан бири инсан ҳәм жәмийеттиң (пуқаралардың) абаданшылығын тәмийинлеўге қаратылған болыўы кереклиги түсиниледи.

Мине усындай норма Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 13-статьясына муўапық: «Қарақалпақстан Республикасында демократия улыўма адамгершилик принциплерине тийкарланады, ҳәм пикирлердиң ҳәр түрлилиги тийкарында раўажланады. Ҳеш қандай идеология мәмлекетлик рәсмий идеология сыпатында белгилене алмайды»[1] -делинген.

Өзбекистан Республикасы Президенти демократияны ол яки бул мәмлекетте қай дәрежеде екенлигин белгилеўин улыўмаластырып былай деп жуўмақ билдиреди: «Жәмийетте демократия қай дәрежеде екенлигин белгилеўши кеминде үш факт бар. Булар – халықтың қарарлар қабыл етиў процесси менен хабардарлығы болып табылады. Ҳүкимет қарарларының халық тәрепинен қәншелли дәрежеде қадағаланыўы, әпиўайы пуқаралар мәмлекетти басқарыўда қәншелли дәрежеде қатнасыўында белгиленеди»[2]-деп көрсетеди. Мине усылардан келип шыққан ҳалда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметинде пуқаралардың қатнасы, пуқаралардың

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: «Қарақалпақсан», 2014-жыл, 13-Б.
[2] Каримов И.А. Ўзбекистон аср бўсағасида хавсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари. – Т.: Ўзбекистон, 1997. -185-б.

жәмийет ислеринде қатнасыўының басланғыш ҳәм соның менен бирге ең әҳмийети басқышы.

4. Жәриялылық принципи – барлық мәселелер халық яки олардың ўәкиллериниң қатнасында коллегиал түрде шешиледи, көрилип атырған мәселелер ҳаққында хабарлардың алдынан тарқатылыўы, қабыл етилген ҳүжжетлерди ҳәммеге жеткериўде көринеди. Яғный жәриялық принципи – бул пуқаралар жыйынларының ашық түрде өткерилиўи, сол жыйынларда пуқаралардың қатнасыў ҳуқықы, пуқаралар жыйыны жумысынан сол аймақтағы пуқаралардың хабардарлығы, олардың хызмети ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәрия етилиўи жәмәәтшилик ушын ашықлығында билинеди.

5. Социаллық әдиллик принципи – аймақтағы барлық пуқаралар мәплериниң, олардың жумыс орны, мүлкий жағдайынан қатаң теңдей қорғалыўында, жәрдемге мүтәжларға айрықша жәрдем көрсетилиўинде, оларды қоллап-қуўатлаў шараларын әмелге асырыўда мәлим болады.

6. Жергиликли әҳмийетли ийе мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик принципи – пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары өз ўәкиллиги шеңберинде жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди: абаданластырыў, қоршап турған орталықты қорғаў, аймақта ҳәр түрли хызметлер көрсетиў мәселелеринде ғәрезсиз қарар қабыл етеди. Олардың ўәкилликлерине тийисли мәселелерди шешиўде ҳеш ким ҳеш қандай уйым араласпайды.

7. Жәмийетлик тийкарда өз-ара жәрдем принципи – пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысы жәмәәтшиликке тийкарланады. Оған тийисли көп мәселелер жәмәәтлик тийкарда ҳақ алынбастан әмелге асырылады. Мәкан аймағында жасаўшы барлық пуқаралар өз имканиятына қарап, ҳолисона пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысында қатнасады, оларды материаллық тәрепитен қоллап-қуўатлайды.

8. Социаллық шериклик принципи – өз жумысын жүргизиўде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик бирлеспелер, пуқаралар менен жақыннан байланыста болады.

9. Жергиликли үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлерди есапқа алыўдан ибарат принципи – жергиликли үрп-әдетлер, дәстүрлер аўқамлас совет дәўиринде бир қанша тосықларға ушыраған болса, оларды тиклеўде, олардан жәмийет, инсан мәплери жолында пайдаланыўда өзин-өзи басқарыў уйымлары әҳмийетли роль ойнайды.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекетимиздиң барлық аймағында әмелге асырылады. Поселкалар, аўыллар, қалалар ҳәм мәканлар өзин-өзи басқарыўдың аймақлық бирлиги, мәканы болып табылады.

## 2.3. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мәмлекетлик уйымлар менен өз-ара қатнасы мәселелери

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары қурамына кирмейди. Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамның 7-статьясында[1] пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жумысын мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаўы белгиленген. Онда тастыйықланғанындай; мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилиўи ҳәм раўажланыўы ушын зәрүр мүмкиншиликлер жаратып береди, олардың жумысларына араласыўға жол қойылмайды, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў менен байланыслы ҳуқықларын әмелге асырыўда көмеклеседи.

1998-жыл 29-январь күни №330/1 қабыл етилген «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

Республикасы нызамына 1999-жыл 28-август, 2005-жыл 29-август, 2006-жылы 29-август, 2006-жылы 27-декабрде ҳәм 2008-жылы 12-ноябрде өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизилди[1]. Мине усы нызамның 4-статьясында усы мәселени тәртипке салған болып, район ҳәм қала халық депутатлары Кеңеси ҳәм тийисли ҳәкимлер, өзин-өзи басқарыўды раўажландырыўға көмеклеседи, олардың жумысын бағдарлап турады деп қатнасығы тийкарлары беккемленген. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен жергиликли мәмлекетлик уйымлар қатнасығы пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары нызамы менен белгиленген ўазыйпаларды орынлаў шараятында пайда болады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен жергиликли ҳәкимият уйымларының қатнасығы, ең алды менен өзин-өзи басқарыў уйымларын шөлкемлестириўде жергиликли ҳәкимият уйымларының қатнасында көриўимиз мүмкин.

Поселкалар, аўыллар, сондай-ақ қалалардағы, поселкалардағы ҳәм аўыллардағы мәкан-кеңеслер пуқаралардың өзин-өзи басқарыўының аймақлық бирликлери болып табылады. Бул нормасында және бир әҳмийетли мәселе демократиялық жолы менен шешилген. Мысалы: Поселкаларды ҳәм аўылларды дүзиў, бириктириў, бөлиў ҳәм сапластырыў, сондай-ақ олардың шегараларын белгилеў ҳәм өзгертиў, оларға атама бериў ҳәм олардың атамаларын өзгертиў пуқаралардың өзин-өзи басқарыўының тийисли уйымларының пикирин есапқа алған рәўиште нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте әмелге асырылады. Мәкан-кеңеслерди дүзиў, қосып жибериў, бөлиў ҳәм сапластырыў, сондай-ақ оның шеғараларын белгилеў ҳәм өзгертиў пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының басламасы менен жергиликли мәмлекетлик

[1] Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Хабарнамасы», №7, 2008-жыл, 61-б.

уйымлар тәрепинен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Пуқаралар жыйыны пуқаралар жыйынының кеңеси тәрепинен зәрүрлигине қарай, бирақ хәр шеректе кеминде бир мәрте шақырылады. Халық депутатлары тийисли кеңеси яки ҳәкимниң басламасы менен де пуқаралар жыйыны шақырылыўыда мүмкин. Бул жерде де өзин-өзи басқарыў уйымы менен жергиликли ҳәкимият уйымы арасында мәлим бир қатнасық бар екенлигин көремиз.

Қарақалпақстан Республикасы "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы нызамның 21-статьясы Пуқаралар жыйының (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысын) шақырыў тәртиби[1] көрсетилген.

Тәжрийбе соны көрсетпекте, халықтың ҳәммесин топлам, жыйын өткериў жүдә қыйын мәселе ҳәм барлық ўақытта оны шөлкемлестириўинде илажы жоқ, соның ушын ўәкиллер жыйналысын өткизиў бир қанша қолайлы ҳәм мақсетке муўапық болып табылады. Ўәкиллер жыйналысы ўәкилликли болыўда, олардың ўәкиллик нормасының дурыс анықланыўы үлкен әҳмийетке ийе. Ал бул болса жергиликли ҳәкимияттың ықтиярына берилген.

Пуқаралар жыйыны (ўәкиллер жыйналысы) мәлим ўақытларда, зәрүрлигине қарап шақырылса, орынларда өзин-өзи басқарыў хызмети пуқаралар жыйыны баслығы ҳәм оның кеңесгөйлери тәрепинен әмелге асырылады. Баслық, оның кеңесгөйлери пуқаралар жыйыны тәрепинен сайланады, бирақ оларды сайлаў район ҳәм қала ҳәкими менен келисилген ҳалда әмелге асырады.

Пуқаралар жыйыны баслығы турақлы ислеўши буўын, ол көп ғана мәмлекетлик уйымлар орынлайтуғын ўазыйпаларды атқарады. Соның ушын, тәбийий рәўиште баслық өз мекемесине ийе. Оның муғдары, баслық

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

өз ўазыйпасын толық орынлаўға имканият жаратып бериўи шәрт. Аппараттың муғдарын белгилеў, пуқаралар жыйыны ықтиярында, бирақ бул мәселеде ҳәким менен келисилген ҳалда әмелге асырылады. Аппаратты белгилеўде ҳәр еки тәреп – пуқаралар жыйыны ҳәм ҳәким қатнасады, нәтийжеде бул бойынша мәлим бир қатнасық пайда болады.

Ҳәр қандай уйымның хызмет көрсетиўинде материаллық имканиятлар зәрүр әҳмийетке ийе. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, баслық, оның аппараты белгиленген муғдарда ҳақ алып жумыс жүргизеди. Усы көрсетилген мәселеде жергиликли ҳәкимият уйымлары ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары арасында қатнас пайда болады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының материаллық қаржыларының бир бөлимин халық депутатлары Кеңеслери тәрепинен ажратылған бюджет қаржылары шөлкемлестиреди.

Республиканың төменги ҳәкимшилик-аймақлық бөлинмелерде мәмлекетлик жергиликли ҳәкимият уйымлары структурасына сол орынларда алдынлары мәмлекетлик уйымлар атқарып келген ўазыйпаларды пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына бериլиўи, сол жерде ҳәкимиятқа тийисли мәселелерде сол уйымлар ықтиярына өткенлигин көрсетеди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқараларды жәмийет ҳәм мәмлекетлик ислерде қатнасыўын ҳуқықын әмелге асырыўға көмеклеседи. Буны мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларына сайлаўда, Президентлик сайлаўда, референдумларда ҳ.т.б. түрдеги сайлаўларда қатнасыўда, мәлим бир ўазыйпаларды орынлаў ушын комиссиялар дүзиў ҳуқықына ийе екенлигинде көремиз. Мысалы: “Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўы ҳаққында”ғы (1991 жыл 18 ноябрь) Нызамының 28-статьясына муўапық: “Мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалардың, мекемелердиң, шөлкемлердиң басшылары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары Өзбекистан

Республикасы Президентлигине талабанларға сайлаўшылар менен ушрасыўлар өткизиўди шөлкемлестириўде, зәрүрли мағлыўматлар мәлимлеме материалларын алыўда жәрдем көрсетиўи мүмкин”[1] – деген норма көрсетилген. Мине усындай норма “Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында”ғы, “Халық депутатларының районлық ҳәм қалалық кеңеслерине сайлаў ҳаққында”ғы ҳ.т.б. нызамларда өз көринисин тапқан.

“Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 27-статьясына муўапық: “Сайлаўшылар менен ушырасыўлар депутатлыққа талабанлар, сиясий партиялар тәрепинен еркин түрде өткериледи. Оларды өткериў орны ҳәм ўақты, әдетте, участкалық сайлаў комиссиялары менен келисип алынады, усы комиссиялар бул туўралы сайлаўшыларға алдын-ала мәлим етеди. Мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымлары, орынлардағы мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, сондай-ақ пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары депутатлыққа талабанларға, сиясий партияларға сайлаўшылар менен ушырасыўлар өткериў ушын үскенеленген бөлимлерди бийпул ажратыўы, зәрүрли мағлыўмат ҳәм мәлимлеме материалларын алыўда жәрдем көрсетиўи шәрт”» - делинген[2]

“Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине сайлаў ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Ркспубликасы Нызамының 16-статьясына муўапық:  “Халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесине сайлаў өткериўши округлик сайлаў комиссиясының ағзалары, сондай-ақ участкалық сайлаў комиссияларының ағзалары пуқаралардың өзин-өзи

[1] Усы нызамға Өзбекистан Республикасы 26.12.1997 жыл 549-I-санлы Нызамы, Өзбекистан Республикасы 19.08.1999 жыл 809-I-санлы Нызамы, Өзбекистан Республикасы 26.05.2000 жыл 82-II-санлы Нызамы, Өзбекистан Республикасы 03.12.2004 жыл 714-II-санлы Нызамы, Өзбекистан Республикасы 25.12.2008 жыл 194-санлы Нызамы, Өзбекистан Республикасы 12.12.2011жыл 306-санлы Нызамына муўапық өзгерислер ҳәм қосымшалар киритилди.

[2] “Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине сайлаў ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы. 29.05.2004-ж. 262/II санлы ҚР нызамы менен тастыйықланған.

басқарыў уйымларының усынысына муўапық тастыйықланады”[1] – делинген.

“Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине сайлаў ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Ркспубликасы Нызамының 22-статьясына муўапық: “Сиясий партиялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тийисли аймақта жайласқан ҳәр бир сайлаў округинен биреўден депутатлыққа талабан көрсетиўге ҳуқықлы. Егер тийисли халық депутатлары районлық, қалалық Кеңесине сайлаў өткериўши сайлаў округи аймағында пуқаралардың еки яки оннан артық өзин-өзи басқарыў уйымы жайласқан болса, депутатлыққа талабан пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысларында көрсетиледи. Жыйналыста қатнасатуғын ўәкиллер нормасын тийисли районлық, қалалық сайлаў комиссиясы белгилейди”[2] – делинген. Яғный пуқаралардың депутатлыққа талабан көрсетиў ҳуқықыда пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен әмелге асады. “Халық депутатлары район қала Кеңеслери депутатлыққа талабанлар сиясий партиялардың тийисли район, қала уйымлары тәрепинен және пуқаралар жыйынларында (ўәкиллер жыйналысы) көрсетеди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары пуқаралардың бул ҳуқықларын әмелге асырыўда көмеклеседи екен, ол өз гезегинде, район ҳәм қала ҳәкимияты ўәкиллик уйымларын шөлкемлестириўдеде шешиўши әҳмийетке ийе, нәтийжеде жергиликли ўәкилликли уйымлары менен пуқаралардың пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары арасында белгили қатнасық пайда болады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары талабан көрсетиў ҳуқықына ийе екенлиги белгили дәрежеде ўәкилликли уйымлардың жумысын пуқаралар тәрепинен қадағалап турыўды тәмийинлейди. Себеби көрсетилген талабан (ол сайланған жағдайда) талабанды көрсеткенлер алдында турақлы түрде есабат берип

---

[1] «Халық депутатлары районлық ҳәм қалалық Кеңеслерине сайлаў ҳаққында”ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы. 29.05.2004-ж. 266/II санлы ҚР нызамы менен тастыйықланған.

[2] Сол жерде

турады, ал зәрүрлиги болған жағдайда , пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы өзи көрсеткен депутаттың ўәкиллик мүддетинен алдын шақырып алыў мәселесин көтериўи мүмкин. Бул норма қадағалаўды сапалы болыўын тәмийинлейди. Депутат пенен пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары арасында турақлы байланыстың бар екенлигин билдиреди, жергиликли ўәкилликли уйымы менен пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы арасындағы қатнасықлардың “көпири” болып табылады. Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққындағы ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққындағы нызам нормаларына тийкар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысы үстинен жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының, олардың хызмети үстинен пуқаралар қадағалаўдың мәлим механизими орнатылған болып, буны тәмийинлеўде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары арасында тийисли қатнасықларды пайда етеди.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына пуқаралар мәплерин, ҳуқықларын әмелге асырыўда көмеклесиў барысында берилген ўазыйпалардан бири, баслық нызамларда көрсетилген жағдайда мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкилликли ҳәм басқарыў уйымларында, суд уйымларында, кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлер менен болатуғын қатнасықларда пуқаралар мәплерин қорғайды. Пуқаралар өз мәплерин жеке тәртите қорғаганнан көре, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары қатнасында қорғалыўы, бул сол истиң нәтийжеси жақсы болыўына көбирек имканиятты пайда етеди. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына түрли мәмлекетлик уйымларда  пуқаралар ўәкили болыў ҳуқықының берилиўи, пуқаралар ҳуқықларының толық әмелге асыўы барысында күшли кепилленгенли мәлим болмақта.

## 2.4. Өзин-өзи басқарыў – халық ҳәкимиятының бир формасы

Өзбекистан Республикасының Конституциясы мәмлекетти суверенли демократиялық Республика (1-статья) деп белгилеўи арқалы оның демократиялық ең зәрүр болған тийкарларын беккемлейди. Оның тийкарлары ең алды менен халық ҳәкимиятында: ҳәкимиятты нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятларына бөлиниўинде; жәмийетлик турмыс сиясий институтлардың, идеологиялардың ҳәм пикирлердиң көп түрлилигинде, сондай-ақ өзин-өзи басқарыўдағы көринисинде белгиленеди.

Конституцияда белгиленген мине усы принциплер пүткил жәмийеттиң, мәмлекеттиң, барлық тармақларындағы миллий ҳуқықый юридикалық моделин пайда етти. Конституциялық дүзим тийкарлары дегенде усы принциплер ҳақыйқаттанда әмелге асырыў тәсиринде пайда болған жәмийет, мәмлекет, миллий ҳуқықтың статусын түсиниў керек.

Өзин өзи басқарыўды конституциялық дүзимниң тийкарларынан бири деп белгилеў Өзбекистан Республикасының алғы сөзиндеги: «адамгершиликли, демократиялық ҳуқықый мәмлекетти дүзиўди ўазыйпа етип қоя отырып»[1] - деген норма мененде тиккелей байланыслы. Бул анықлама өз ҳәкимиятын әмелге асырыўды, пуқаралардың мәмлекет ислерин басқарыўда қатнасыў ҳуқықын әмелге асырыўын тәмийинлейтуғын өзин-өзи басқарыў қәдириятын түсиниўден дәлил береди.

Конституциялық дүзим тийкарынан бири болған өзин-өзи басқарыў жәмийет ҳәм мәмлекетте ҳәкимиятты шөлкемлестириў әмелге асырыўдың ең әҳмийетли принциплери болып есапланады, булл принцип конституциялық принциплер менен бирге мәмлекетимиздеги демократиялық басқарыў системасын белгилейди.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: "Ўзбекистон", 2014-йил, 3-б.

«Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамы Конституция нормаларына тийкарланып, жәмийет ҳәм мәмлекетти басқарыў системасында өзин-өзи басқарыў ҳәм оның уйымларын шөлкемлестириў жағынан айрықша орынын кепиллейди. Усы нызамның 8-статьясына муўапық: «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары қурамына кирмейди ҳәм өзлерине нызамшылық пенен берилген ўәкилликлерин тийисли аймақ шеңберинде әмелге асырады»[1] - деп көрсетилген. Сол себепли енди мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары алдыңғыдай олардың хызметине басшылық ететуғын, есабатлар сорайтуғын ҳәм олардың карарларын бийкар етиў ҳуқықына ийе болған жоқары шөлкем болып есапланбайды. Мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары өзин-өзи басқарыў уйымларының араласпайды, тек ғана оларға зәрүр болған шараятларды жаратып береди, пуқаралардың өз ҳуқықларын әмелге асырыўға көмеклеседи.

Айрым алымлар «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы нызамның 8-статьясындағы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары қурамына кирмейди» деген нормаға тийкарланып, өзин-өзи басқарыў ҳәм социаллық бирлемши бир-бирине уқсас бир нәрсе деп есаплайды, және өзин-өзи басқарыўды пуқаралардың өзине тән мәмлекетлик емес жәмийетлик шөлкем деп атайды. Бизиң пикиримизше, бундай деп оны көрсетиўге ҳеш қандай тийкар жоқ.

Бириншиден, егер жәмийетлик бирлеспелер субъектив мәплериниң улыўмалығының тийкарында дүзилсе, өзин-өзи басқарыў структурасының бирлесиўин адамлардың бир жерде биргеликте жасаўынан ибарат объектив шараятларды талап етеди. Буннан тысқары, өзин-өзи басқарыў ячейкасын өзгертиў барлық ўақытта өз турмысының объектив шараятын өзгертиў,

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

басқаша етип айтқанда басқа жерге көшип кетиўи менен байланыслы болады.

Екиншиден, жәмийетлик бирлеспелердиң хызмети жергиликли дәреже менен шекленбейди, ал өзин-өзи басқарыў структураларының хызмети, керисинше турақлы түрде ҳәкимшилик жағынан аймақлық бирликлер көлеми менен шекленген болады.

Үшиншиден, егер өзин-өзи басқарыў уйымларының, олар лаўазымлы шахсларының өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл етилген қарарлары пуқаралар тәрепинен, сондай-ақ тийисли аймақта юридикалық (лаўазымлы) шахслар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болса, жәмийетлик бирлеспелердиң қарарлары өзине бағынышлы болған шахслар тәрепинен ғана орынланыўы ушын мәжбүрий болып табылады.

Демек, жоқарыдағыларға тийкарланып өзин-өзи басқарыў уйымлары көңилли жәмийетлик бирлеспелер қатарына киритилиўи мүмкин емес.

Өзбекистан Республикасы 32-статьясына муўапық: «Өзбекстан Республикасының пуқаралары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда тиккелей ҳәм өзлериниң ўәкиллери арқалы қатнасыў ҳуқықына ийе. Бундай қатнасыў өзин-өзи басқарыў, референдумлар өткериў ҳәм мәмлекетлик уйымларды демократиялық тәртипте шөлкемлестириў, сондай-ақ мәмлекетлик уйымлардың хызмети үстинен жәмийетлик қадағалаўды раўажландырыў ҳәм шөлкемлестириў жолы менен әмелге асырады» - делинген. Тап усындай норма Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 30- статьясында да көрсетилген. Мине усы нормалардан жуўмақ шығарыў мүмкин, яғный өзин-өзи басқарыў – халықтың өз ҳәкимиятын әмелге асырыўдың формаларынан бири.

«Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамның 1-статьясына муўапық: « Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўы пуқаралардың жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди өз мәплеринен, раўажланыўдың тарийхый өзгешеликлеринен, сондай-ақ миллий ҳәм

руўхый қәдириятлардан, жергиликли үрп-әдетлерден ҳәм дәстүрлерден келип шыққан рәўиште шешиў барысындағы Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциялары ҳәм нызамлары менен кепилленетуғын бийғәрез жумыс болып табылады»[1] - деп белгилейди. Мине усы норма арқалыда өзин-өзи басқарыўды сәўлелендириўши тийкарғы белгилерин, оның халық ҳәкимияты системасындағы орнын көриўге болады.

Ең алды менен соны көрсетиў керек, өзин-өзи басқарыў уйымының өзине тән айрықша субъекти бар. Халық, пуқаралар мине сол субъектлер болып табылады. «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы Нызамның 2-статьясында көрсетилгениндей пуқаралар посёлкаларда, аўылларда, сондай-ақ қалалардағы, поселкалардағы ҳәм аўыллардағы мәкан-кеңеслерде өзин-өзи басқарыў менен байланыслы өз конституциялық ҳуқықын әмелге асырыў қатнасығы менен сол аймақ халқы өзин-өзи басқарыўдың айрықша субъекти болып есапланады. Сондай-ақ булл структурада өзин-өзи басқарыў уйымларының мүлки, бюджети ҳәм сайлап қойылатуғын уйымлары болады.

Өзин-өзи басқарыў жәмийет ҳәм мәмлекетлик уйымлардың демократиялық механизиминде айрықша орынға ийе. Жоқарыда айтып өткенимиздей, өзин-өзи басқарыў, оның уйымлары мәмлекетлик басқарыў механизиминиң қурамалы бөлими емес. Соның менен бирге мәмлекетимизде өзин-өзи басқарыў менен мәмлекетлик ҳәкимият өз-ара тығыз байланықан, олардың тийкарғы дереги – ол да болса халық ҳәкимияты болып табылады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыўдың тийкарғы мақсетлеринен бири адамларды бирлестириўден, оларды ҳәр бир инсанның дилиндеги мақсетлерине ерисиў жолдында ҳәрекет етиўши жәмәәтке айландырыўдан

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

ибарат. Сол себепли өзин-өзи басқарыўды халық ҳәкимиятының ең әҳмийетли институтларынан бири, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик турмыстың демократиялық түрде шөлкемлестириўдиң зәрүр элементи десе болады.

## 2.5. Бапқа жуўмақ

"Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасына кирмейди..."[1]. Аймақлық бирликлер халқы өзин-өзи басқарыўды пуқаралардың өзин-өзи басқарыўының сайлап қойылатуғын ҳәм басқа уйымлар арқалы әмелге асырады. Қарақалпақстан Республикасының "Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы Нызамда бул уйымлар хызметиниң нызамлылық, нсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплериниң үстинлиги, демократизм, жәриялылық, социаллық әдиллик, жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерди шешиўде ғәрезсизлик, жергиликли үрп-әдетлер ҳәм дәстүрлерди есапқа алыўдан ибарат екенлиги сыяқлы тийкарғы принциплери белгиленген.

Ал пуқаралар жыйының халық ҳәкимиятшылығы төмендегише:

-пуқаралардың өзин өзи басқарыў субъектине ийе;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыўы өзиниң басқарыў объектине ийе;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў мәмлекет ҳәм жәмийет басқарыўының демократиялық механизмде айрықша орын ийелейди;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди шешиўде ғәрезсиз болып, мәмлекет ислериниң бир қанша ўәкилликлерин тәртипке салыў ҳәм басқарыўда қатнасады;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары халық алдында жуўапкер;

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

Олар жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттан функциональ жағынан ажратылмаған болып, олар улыўма мәмлекетлик сиясат шеңберинде әмел қылады, түрли мәмлекетлик дәстүрлерди пайда етиўде қатнасады.

- пуқаралардың өзин өзи басқарыўдың тийкарғы мәниси мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерине хызмет етиўге қаратылған;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў – тек ғана жергиликли мәселелерди шешиўге мөлшерленген шөлкемлестириўшилик формасы яки көриниси емес, бәлким ғалабалық ҳәкимият, халық ҳәкимиятын әмелге асырыў формасы;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары сыяқлы пуқараларға жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда қатнасыў ҳуқықын әмелге асырыўда көмеклеседи, өз аймағында социаллық ҳәм хожалық ўазыйпаларын шешиў, ғалабалық-мәдений тәдбирлерди өткериўде қатнасады. Өзбекстан Республикасы нызамларының, Президент ҳәм ҳүкимет ҳүжжетлериниң орынлаўын тәмийнлейди.

- жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары сыяқлы пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының ҳәм олар лаўазымлы шахслардың қарарларын орынламаў ҳәм керекли дәрежеде орынламаў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болады;

- мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қарарлары сыяқлы пуқаралардың өзин өзи басқарыўдың қарарлары суд уйымлары – мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен қорғалады.

## III-Бап. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары сайлаўларын шөлкемлестириўдиң ҳуқықый тийкарлары

### 3.1. "Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында"ғы (жаңа редакцияда) нызамның әҳмийети

Өзбекистан Республикасы Президенти "Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаў ҳаққында" нызам жойбарының басламасы. Яғный Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисинде «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянатында: пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаў системасын және жетилистириў мәселесин қойып, бунда ең мүнәсип талабанлар сайланыўы мәселесине айрықша итибарды қаратты[1]. Пуқаралар жыйынының ўәкилликлерин басқышпа-басқыш кеңейтирилмекте, басқарыў системасындағы орны ҳәм роли күшейтирилмекте.

Елимизде демократиялық реформалар нәтийжесинде пуқаралық жәмийетке қарай избе излик пенен раўажланып бармақта. Пуқаралардың сиясий санасы ҳәм басқарыў тараўындағы белсендилиги асып бармақта. "Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўы ҳаққында"ғы (жаңа редакцияда) нызамы 2013 жыл 5 июльде қабыл етилди[2]. Бул нызамның қабыл етилиўи менен пуқаралар жыйыны (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў барысындағы пуқаралардың ҳуқықларын толық тәмийинлеўге қаратылған тийисли ҳуқықый

[1] И.А.Каримов «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжлисиндеги баянаты.

[2] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

кепилликлерди жәнеде кеңейтирилди ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 30-статьясында беккемленген "Қарақалпақстан Республикасының пуқаралары жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда тиккелей ҳәм өзлериниң ўәкиллери арқалы қатнасыў ҳуқықына ийе. Бундай қатнасыў өзин-өзи басқарыў, референдумлар өткериў ҳәм мәмлекетлик уйымларды демократиялық тәртипте шөлкемлестириў, сондай-ақ мәмлекетлик уйымлардың хызмети үстинен жәмийетлик қадағалаўды раўажландырыў ҳәм шөлкемлестириў жолы менен әмелге асырады"[1] деген жағдайларды әмелге асырыўдан ибарат.

Жаңа редакциядағы усы нызамға төмендеги зәрүр болған жаңалықлар киритилди.

**Биринши**, сайлаўдың тийкарғы принциплери системасына альтернативлик сайлаў принципи киритилди (4-статья**).** Альтернативлик – бул пуқараларды сайлаў процессинде ҳуқықларды толық әмелге асырылыўын тәмийинлеўге қаратылған тийкарғы талапларынан бири. Бул дегенимиз, бир ғана талабан емес, ал көрсетилген бир неше талабанлар арасынан ең мүнәсип талабанды сайлаў мәнисин билдиреди. Усы принцип бул нызамға биринши мәрте киритилди ҳәм нызамның 6-статьясында өз көринисин тапты.

**Екиншиси,** сайлаўларды өткизиў мүддетлерин белгилеўши субъект анықланды (10-статья). Әмелиятта аймақлық ўәкиллик уйымы сыпатында усы ўәкилликлер Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты Кеңеси тәрепинен әмелге асырылып келинген. Усы әмелият унамлы деп табылып жаңа редакцияда қабыл етилген нызамға киргизилди. Яғный, "Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўды өткериў мүддетлери сайлаў басланыўынан кеминде еки ай алдын

[1] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: Қарақалпақстан, 2014-жыл, 16-б.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенаты Кенгаши тәрепинен белгиленеди"[1].

**Үшиншиси,** унамлы әмелияттан келип шығып Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының Кенгаши жанында дүзилетуғын сайлаўларды шөлкемлестириў және көмеклесиўши комиссиясының статусы ҳәм ўәкилликлери нызамға киргизилди (11-статья).

**Төртинши**, сайлаўларды шөлкемлестириў жәнеде өткизиўге көмеклесиўши комиссияларды дүзиў менен байланыслы еки зәрүр жаңалық киргизилди (12-статья). Биринши жаңалық, бул район ҳәм қала дәрежесинде дүзилетуғын комиссияларды ўәкиллик мүддети сайлаў дәўири менен шегараланбастан, ал бәлким гезектеги сайлаўлар жәрияланғанға шекем нызамлы болыўлығы белгиленген. Буннан мақсет – мүддетинен алдын ўәкиллиги тамам болған ақсақал ҳәм оның кеңесгөйлериниң босап қалған орынларға жаңа жаңа сайлаўларды өз ўақтында өткизилиўин тәмийинлеў. Екинши жаңалық, бул комиссиялар жумысында холисликни жәнеде күшейтириў мақсетинде, ендиликте "Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери лаўазымына талабанлар комиссияға ағза болған шахслар ямаса олардың жақын туўысқанлары арасынан көрсетилген болса, олар комиссия қурамынан шығарылады" - деп нызамда анық белгиленбекте.

**Бесиншиси**, сайлаўларды шөлкемлестириў жәнеде өткизиў бойынша исши топарды дүзиўге тийисли үш жаңалық киргизилди. Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўды шөлкемлестириў ҳәмде өткериў ушын пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) қарары менен исши топар дүзиледи. Гезектеги сайлаў жәрияланғаннан кейин исши топар өз жумысын тоқтатады. Сондай-ақ исши топарға ағза шахслар ямаса сайлаўдағы талабанлардың жақын

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

туўысқанлары арасынан көрсетилген болса, олар исши топар қурамынан шығарылады. Үшинши жаңалық, исши топар қурамына халық депутатлары тийисли районлық (қалалық) Кеңесинин депутатының киргизилиўи кереклиги ҳаққында жаңа норма киргизилди. Буннан мақсет – депутатларды сайлаўларға жәрдем көрсетиўгеде нызамлылықты тәмийинлеўге де қанастырыў.

**Алтыншысы,** исши топардың ўәкилликлери еки зәрүр болған ўәкиллик пенен толтырылмақта (15-статья). Биринshиси исши топар пуқаралардың ўәкиллери сайлаўы бойынша ҳәўлилер, турақ-жайлар, көшелер ҳәмде поселкалардығы , аўыллардағы мәкан-кеңеслер халқының улыўма жыйналысының қатнасыўшыларын дизимге алады ҳәмде пуқаралардың сайланған ўәкиллери ҳаққындағы мағлыўматларды көрсетип халықтың ўлыўма жыйналысы протоколын дүзеди; екиншиден, тийисли аймақта турақлы түрде жасайтуғын пуқаралардың пикирин пикирин есапқа алып, тийисли комиссияға усыныў ушын пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери лаўазымына талабанлар бойынша усынислар таярлайды[1]. Кеңесгөйлер ўазыйпасына талабанлар ендигиден былай баслық тәрепинен көрсетимеслиги кеңесгөйлерди баслыққа қарағанда ғәрезсиз болыўын тәмийинлейди ҳәм оған қарағанда өзиниң жәмийетлик қадағалаўды өткизиўге шараят жаратып береди. Буның менен ең зәрүрлиги олар қатнасықларында бир бирин тыйып турыў механизими қалиплестирилди ҳәм өзин-өзи басқарыў системасына демократиялық принципи болған ҳәкимияттың бөлистириў принципи белгилери белгиленбекте. Ал бул болса баслықтың жумысында нызамлылықты тәмийинлеўге хызмет етеди, себеби ол сыртқы вертикал қадағалаў емес, ал бәлким горизонтал қадағалаў системасы.

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

**Жетиншиси,** пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ўазыйпасына талабанлар көрсетиў тәртиби (16-статья). Бул жерде, еки зәрүр жаңалық киритилмекте. Биринши жаңалық – пуқаралық жыйыны баслығы (ақсақалы) ўз талабанлығын көрсетилиўине разылығы ҳаққындағы арзасы алыныўы талап етилмекте. Мине көринип турыпты сайлаўлардың еркинлиги тәмийнлегенлиги ҳәм ҳәр қыйлы нызамсыз ҳәрекетлердиң алды алынады, сондай-ақ талабанды көрсетиўде жуўапкершилик аырылды. Екинши жаңалық – исши топар район ҳәм қала ҳәкиминиң жуўмағын алғаннан кейин пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) лаўазымына келисилген талабанлар ҳаққында мағлыйматты сайлаўдан кеминде бес күн алдын пуқаралар жыйыны имаратына ҳәм гузарларға илдирип қояды[1]. Усы киргизиген жаңа норма үлкен әҳмийетке ийе, себеби ол даўыс бериў сыпатына тиккелей тәсир етеди. Бул дегени, сайлаўлар пуқаралар ўәкиллери арқалы өткерилетуғынлығы ушын, талабанлар ҳаққында мағлыўматқа алдыннан ийе болыўы ўәкиллерди өзлери қайсы талабанға даўыс бериў ҳаққында пикирлеп алады, сондай-ақ ең әҳмийетлиси халық пенен мәсләҳәтлесип алыўғада имканият болады. Бундай шаралар ең мүнәсип талабанды сайлаўға тиккелей унамлы тәсирин көрсетеди.

**Сегизиншиси,** пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ўазыйпасына талабанларға қойылатуғын талаплар күшейтирилди ҳәм талабан етип көрсетилиўине қосымша шеклеўлер киргизилди (17-статья). Бул жерде үш жаңа талаплар киритилди. Яғный, талабан, биринщиден, Өзбекистан Республикасы пуқарасы болыўы керек, екиншиден, сайлаўға шекем кеминде бес жыл тийисли пуқаралар жыйыны аймағында турақлы жасап турған болыўы керек, үшиншиден, жумыс тәжрийбесине ийе болыўы керек. Соның менен бирге талабан етип көрсетилиўи мүмкин болмаған шахслар қурамы кеңейтирилди, яғный оған аўыр ҳәм өте аўыр

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

жынаятларды ислегенлиги ушын судланғанлық жағдай тамам болмаған ямаса судланғанлығы алып тасланбаған, әскерий хызметтеги шахслар, диний шөлкемлердиң профессионал хызметкерлири киргизилди.

**Тоғызыншысы,** пуқаралар жыйыны (ўәкиллер жыйналысы)ның өткерилиўи тәртиби белгиленбекте (21-статья). Бул жерде бир қатар демократиялық нормалар орнатылмақта. Яғный, ендиликте пуқаралар жыйыны (ўәкиллер жыйналысы) ғәрезсиз сайлаў уйымы болған исши топар баслығы басшылығында өткериледи. Жыйында ҳәр бир талабанға сөзге шығыўлары кепилленбекте, ҳәм сондай-ақ ҳәр бир талабанға келешектеги өз жумысының дәстүрин жәриялаў талабы қойылмақта. Нызамға киргизилген усы жаңа нормалар сайлаўларды мазмунлы өтиўине ҳәм мүнәсип талабанды сайлаўға кепилликлер береди.

**Оныншысы,** даўыс бериў тәртибиниң ҳуқықый тийкарлары белгиленди (21-статья). Бул жерде жаңа демократиялық қағыйдалар орнатылмақта, яғный "пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) лаўазымына талабанлардың баянаты әлипбе тәрибинде өткерилип, талабанлар өзлериниң келешектеги жумысының бағдарламасын жәриялайды"[1] делинген.

Айрықша итибар даўыс бериўди шөлкемлестириўге қаратылған. Бунда бюллетенлердиң үлгилери ҳәм формасы Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының Кенгаши тәрепинен белгилениўи, даўыс бериў оларды толтырыў тәртиби сыяқлы нормалар киргизилди. Бул өз гезегинде жасырын даўыс бериў процессинде сайлаўшылардың ҳуқықларын жәнеде тәмийинлеў ушын кепилликлердиң берилиўи болып есапланады.

**Он бириншиси,** пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўы нәтийжелери тийкарында пуқаралар жыйыны уйымларын өз ўақтында қәлиплестириў шаралары нәзерде тутылған (32-

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

статья). Яғный. “Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўдың нәтийжелери бойынша пуқаралар жыйыны (пуқаралар ўәкиллериниң жыйналысы) бир ай ишинде пуқаралар жыйыны кеңесин дүзеди...[1] - деген норма жаңадан белгиленген.

Жаңа редакцияда қабыл етилген “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўы ҳаққында”ғы (жаңа редакцияда) нызамы сайлаў системасын жәнеде демократияластырыў арқалы пуқаралардың сайлаў ҳуқықларын тәмийинлеўге имканиятларды бермекте, соның менен бирге сайлаўлардың сапалы өтиўине ҳәм олардың нәтийжеси сыпатында пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери ең мүнәсип сайлап алыўға хызмет етеди деген жуўмақ шығарыўымыз мүмкин.

## 3.2.Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына сайлаў өткериўдиң принциплери

Сайлаў ҳуқықы принциплери дегенде пуқараларды сайлаўда толық қатнасыўы ушын тийисли шараятларды жаратыўды тәмийинлеўге қаратылған басланғыш идея ҳәм талаплар жыйындысына түсиниледи.

Сайлаў принциплери Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 3-бабында[2], Өзбекистан Республикасының 1994 жыл 5 майдағы “Пуқаралар сайлаў ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында”ғы нызамында ҳәм Өзбекистан Республикасының 2013 жыл 5-июлдеги “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўа ҳаққында”ғы (жаңа редакцияда).

Өзиниң мәниси-мазмунына қарай сайлаў принциплери нызамның басланғыш статьяларында беккемлеп қойылады. Яғный усы нызамның 4-

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

[2] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: Қарақалпақстан, 2014-жыл, 13-б.

статьясына муўапық:[1] “Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўды шөлкемлестирия ҳәмде өткериў жәриялылық, альтернативлик ҳәм тең сайлаў принциплери тийкарында әмелге асырылады” -делинген. Демек усы статьядан келип шыққан ҳалда кейинги барлық статьялар усы сайлаў принциплерин тәмийинлеўге қаратылған болып оларға сай болыўлары лазым.

Соннан келип шығып, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерине сайлаўды шөлкемлестириў және өткериў тәртиби жәриялық, альтернативлик ҳәм тең сайлаў ҳуқықы принциплерине әмел қылған ҳалда шараятлар ҳәм кепилликлер жаратылыўы керек.

Бунда, жәриялылық дегенде, жасырын даўыс бериўден тысқары басқа барлық сайлаў процесслери пуқаралардың көз алдында, ашық, олардың қатнасыўында шөлкемлестирилиўи ҳәм өткерилиўи керек, салаўларды шөлкемлестириў ҳәм өткериўге жуўапкер болған пуқараларды сайлаўлар менен байланыслы барлық қызықтырған сораўларға өз ўақтында толық жуўап бериўлери талар етиледи.

Жәриялылық принципи – сайлаўлар жәриялық принциплерине тийкарланған нызамларға муўапық өткерилиўи нәзерде тутылады. Жәмийет ҳәм мәмлекетти басқарыў системасында жәриялылық принциппине тийкарланыў демократияның шәртлеринен бири. Жәриялылық жәрдеминде басқарыў хызметинде демократия тәмийинленеди. Сондай-ақ, пуқаралар өзлериниң ҳуқық ҳәм еркинликлерин еркин талап ете алады. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары хызметине жәриялылық принципин енгизиў халықтың олардың жумысынан ҳәмме ўақыт хабардар болып турыўын билдиреди[2].

---

[1]Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

[2] Сувонқулов М.И. Ўзбекистон Республикасида фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг назарий-ҳуқуқий масалалари: Юрид. фан. номз.... дисс.– Тошкент, 2002. – Б. 41.

Жәриялылықты тәмийинлеў усыллары пуқаралардың өзин-өзи басқарыў тараўына тийисли ҳуқықый нормаларда өз көринисин тапқан. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары өз жумысы ҳаққында пуқаралардың туўры ҳәм толық мағлыўмат алыўын тәмийинлеўге миннетли. Яғный мысалы, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлериниң сайлаўына таярлық көриў ҳәм оны өткериўге көмеклесиўши комиссиялар өз искерлигин ашық ҳәм жәриялық бойынша әмелге асырады.

Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге көмеклесиўши комиссиялар пуқараларды өз жумысларынан, комиссиялардың қурамы, олардың жайласқан мәнзили ҳәм жумыс ўақтын хабардар етеди, пуқаралар жыйынының (пуқаралар ўәкиллери жыйналысының) қатнасыўшылары дизимлери, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери лаўазымларына талабанлар бойынша мағлыўматлар, даўыс бериў ҳәм сайлаўдың нәтийжелеринен хабардар етеди.

Сайлаў ҳуқықы ҳәм еркинлигиниң тәмийинлениўи, сайлаўшылардың ашықлығы, жәриялылығы көпшилик жағынана баспа сөз, басқа ғалаба хабар қураллары сайлаў процесслерин қаншелли дәрежеде еркин ҳәм демократиялылығын ашып бериўине байланыслы. Себеби, сөз ҳәм ғалаба хабар қураллары жумысының еркинлиги демократияның өзине тән көрсеткиши болып табылады.

Альтернативлик – бул пуқараларды сайлаў барысындағы ҳуқықларын толық әмелге асырыўын тәмийинлеўге қаратылған тийкарғы талапларынан бири. Бул дегенимиз, сайлаў түсинигиниң толық мәниси, бир емес, ал көрсетилген бир неше талабанлар арасынан ең мүнәсибин сайлаў мәнисин билдиреди.

Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы ҳәм “Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы нызам пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымы жергиликли әҳмийетке ийе

шешиўде бийғәрез жумыс алып баратуғынлығы көрсетилген. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў институтының мәнисиде мине усында билинеди. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының дүзилисиде оның өзиниң басламасы менен әмелге асырылады. Жоқарыда көрилген ҳәм басқа мәселелер пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары арқалы яки халықтың тиккелей қатнасында әмелге асырылады.

“Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўа ҳаққында”ғы (жаңа редакцияда) Қарақалпақстан Республикасы Нызамның 6-статьясына муўапық: “Пуқаралар жыйыны баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлая пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери лаўазымына еки ҳәм буннан көп талабан көрсетилген ҳалда әмелге асырылады[1].

Теӊ сайлаў ҳуқықы – қандайда бир белгилерге көре бир пуқараны басқа пуқараға қарата сайлаўлардағы ҳуқықый статусын үстин қойыўға яки шеклеўге жол қоймаслық. Ал бул дегени пуқараларға сайлаўларда қатнасыўға тең имканиятлар менен тәмийинлениўи кепилленеди. Тең сайлаў ҳуқықы бойынша кеңирек ҳуқықлар берилиўи яки шеклеўлер тек ғана нызам менен орнатылыўы мүмкин. Мысалы: нызамда пуқаралар жыйыны баслығын, әдетте жоқары мағлыўматқа ийе, турақлы сол аймақта 5-жыл жасаған ҳ.т.б. талаплар көрсетилмекте.

Тең сайлаў ҳуқықының зәрүрлигине айрықша итибар берилгенлигин усы принциптиң Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 110-статьясында көриўимизге болады. Оған муўапық: “Ҳәр бир сайлаўшы бир даўысқа ийе. Даўыс бериў ҳуқықы, теңлик ҳәм ерк-ықрар билдириў еркинлигине нызам менен кепиллик бериледи”[2] - делинген.

Усы сайлаў принциплериниң әмелий жақтан тәмийинлениўи, ең алды менен сайлаўларды шөлкемлестириў ҳәм өткериў процессинде нызам

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.
[2] Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Н.: Қарақалпақстан, 2014-жыл, 38-б.

үстинлигин тәмийинлеўге жуўапкер болған пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлери сайлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериўге көмеклесиўши комиссиялар җәне де исши топарлар жуўапкерли[1].

Жоқарыдағы қабыл етилген нызам тийкарында 2013 жыл ноябрь–декабрь айларында елимизде пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олар кеңесгөйлериниң ўәкиллик мүддети тамаланыўына байланыслы, пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлерине сайлаў өкерилди.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Сенати Кеңесиниң 2013 жыл 12-сентябрде қабыл етилген «Пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) ҳәм олардың кеңесгөйлери сайлаўына таярлық көриў җәне оны өткериў ҳаққында»ғы КҚ-90–II-санли Қарары менен сайлаўды өткериў мүддетлери белгиленди.

Мәканның белсендилигин көтериўде бирден-бир зәрүр механизимлерден бири бул нызам шығарыўшы ҳәкимятқа мәҳәлле өзиниң талабанын усынса мақсетке муўапық болар еди. Өзбекстан Республикасы халық депутатлары ўәлаятлық, районлық ҳәм қалалық кеңеслерине талабанларды тек ғана сиясий партиялар ғана көрсетип қоймастан, ал пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен де көрсетиледи. Қарақалпақстан Республикасы «Халық депутатлары район ҳәм қала кеңеслерине сайлаў ҳаққында»ғы нызамның 22-статьясында бул ҳаққында баян етилген.

Мине усындай норманы «Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине сайлаўлар өткериў ҳаққында» ғы ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесине сайлаўлар ҳаққында» ғы Нызамға да киртилсе мақсетке муўапық болар еди. Себеби соның нәтийжесинде нызам шығарыўшы

[1] 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған. Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамының 11-13-15 статьялары.

уйымның депутатлары менен жергиликли кеңес депутатлары биргеликте өзиниң аймағында депутатлық топар дүзип пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўде өзиниң белсендилигин көрсетеди.

### 3.3. Бапқа жуўмақ

Усы баптағы пикирлерди улыўмаластырып төмендеги жуўмаққты билдиремиз:

Бириншиден, пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерине өткерилетуғын сайлаўлардың даўамылығын тәмийинлеў ҳәм айрым сайлаў ҳәрекетлерин әпиўайыластырыў мақсетинде пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўына тийисли мүддетти 3 жыл етип белгилениўи мақсетке муўапық болар еди;

Екиншиден Өзбекистан Республикасы Конституциясының 117-статьясына төмендеги қосымшаларды киргизиўди усынамыз: “Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўы, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы сайлаўы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси сайлаўы және халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларына, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына сайлаў тийислисинше олардың конституциялық мүддети тамам болатуғын жылда – декабрь айының он күнлигиниң биринши екшенбесинде өткериледи".

Үшиншиден, бүгинги күнде пуқаралар жыйнына өткерилетуғын сайлаўларға тийисли ҳуқықый тийкар менен тәмийинленгенлик және оларды терең додалаў арқалы оқытыў мәселесине итибар қаратыў лазым. Пуқаралар жыйынына өткерилетугын сайлаўлар басланыўдан алдын пуқаралар жыйынлары баслығы (ақсақалы) кеңесгөйлери сайлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериўге көмеклесиўши комиссия ағзаларын арнаўлы курста оқытыў лазым деп есаплаймыз.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары мәмлекеттиң халықты социаллық жақтан қоллап-қуўатлаўға қаратылған ўазыйпаларды шешиўдеги роли ҳаққында сөз еткенде ең алды менен Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың "Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш" мийнетинде:[1] "Ғәрезсизлик жылларында мәҳәлле турмысы менен байланыслы көплеген қәдирият лар, салт-дәстүрлер қайта тикленип, заман талаплары тийкарында байып бармақта. Усының менен бирге, мәҳәлләниң ҳуқық ҳәм ўәкилликлери кеңейтирилмекте, олар бүгин өзин-өзи басқарыў мәкемеси, ҳақыйқый демократия мектеби сыпатында кең көлемли жумыс алып бармақта. Соның менен бирге ол елимизде әмелге асырылып атырған "Күшли мәмлекеттен – күшли жәмийетке қарай" деген принциптиң әмелий көриниси" -деп өз пикирлерин билдирген еди.

Бул қәнигелик жумыста пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының халық ҳәкимиятшылығы анализленди. Пуқаралар жыйының халық ҳәкимиятшылығы төмендегише:

-пуқаралардың өзин өзи басқарыў субъектине ийе;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыўы өзиниң басқарыў объектине ийе;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў мәмлекет ҳәм жәмийет басқарыўының демократиялық механизмде айрықша орын ийелейди;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди шешиўде ғәрезсиз болып, мәмлекет ислериниң бир қанша ўәкилликлерин тәртипке салыў ҳәм басқарыўда қатнасады;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары халық алдында жуўапкер;

Олар жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияттан функционаллығы жағынан ажратылмаған болып, олар улыўма мәмлекетлик сиясат

[1] И.А.Каримовтың "Жоқары мәнаўият –жеңилмес күш". Т. "Маънавият", 2008 йил 58-59 б.

шеңберинде әмел қылады, түрли мәмлекетлик дәстүрлерди пайда етиўде қатнасады.

- пуқаралардың өзин өзи басқарыўдың тийкарғы мәниси мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерине хызмет етиўге қаратылған;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў – тек ғана жергиликли мәселелерди шешиўге мөлшерленген шөлкемлестириўшилик формасы яки көриниси емес, бәлким ғалабалық ҳәкимият, халық ҳәкимиятын әмелге асырыў формасы;

- пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымлары мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары сыяқлы пуқараларға жәмийет ҳәм мәмлекет ислерин басқарыўда қатнасыў ҳуқықын әмелге асырыўда көмеклеседи, өз аймағында социаллық ҳәм хожалық ўазыйпаларын шешиў, ғалабалық-мәдений тәдбирлерди өткериўде қатнасады. Өзбекстан Республикасы нызамларының, Президент ҳәм ҳүкимет ҳүжжетлериниң орынлаўын тәмийнлейди.

- жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары сыяқлы пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының ҳәм олар лаўазымлы шахслардың қарарларын орынламаў ҳәм керекли дәрежеде орынламаў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болады;

- мәмлекетлик ҳәкимият уйымларының қарарлары сыяқлы пуқаралардың өзин өзи басқарыўдың қарарлары суд уйымлары – мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары тәрепинен қорғалады.

Өзбекстанда пуқаралардың өзин өзи басқарыўдың ҳуқықый, аймақлық, шөлкемлестириўшилик, финанслық-экономикалық қәлиплестирилиўи ҳәм раўажланыўы қағыйдалары тарийхый, сиясий, миллий қәсийетлерге ийе болып, өзиниң толық мәниси менен халық ҳәкимиятшылығының бирден-бир дереги.

Өзин-өзи басқарыў халықтың мәплерин есапқа алған ҳалда әмелге асырады. Бунның мәниси соннан ибарат, өзин-өзи басқарыў

структурасының мүлки ҳәм финанслық ресурсларын басқарыў халықтың мәплери жолында әмелге асырылады. Халық бул хызметти қадағалаўға алады, бул ҳаққында есабат бериўге ҳақлы болып есапланады[1]. Өзин-өзи басқарыў хызметиниң мине усы қәсийети өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслардың халық мәплерин билдириў ҳәм қорғаўда мәмлекет, жәмийетлик шөлкемлер, мекемелер ҳәм бирлеспелер менен биргеликте ҳәрекет етиў зәрүрлигин талап етпекте.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары өз жумысын әмелге асырыўда бир қатар машқалалар бар. Олар бириншиден: айрым пуқаралар жыйынының өз имаратына ийе емеслиги, пуқаралар жыйыны басқа юридикалық шахслардың балансында турған имаратларда жайласқанлығы; екиншиден: пуқаралар жыйыны компьютерлер менен тәмийинленбегенлиги (керекли дәрежеде); үшиншиден: пуқаралар жыйыны кеңесгөйлерине сайлаўды өткериўде де оларға альтернативлик принцип талапларынынг орнатылмағанлығы болып есапланады.

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында"ғы Нызамның 14-статьясындағы нормаларынан келип шығып, поселка, аўыл пуқаралар жыйыны баслығының (ақсақалы) ўәкилликлерин талықлайтуғын болсақ, бул жоқарыда көрсетилген мәселелерди атқарыў ушын ақсақалдың юридикалық саўаты болыўы талап етиледи. Сонлықтан пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының ақсақалы, ямаса оның жуўаплы хызметкерлериниң биреўи қәнигелиги бойынша юрист болыўы лазым. Мине усы мәселелерди үйрениў ҳәм оларды шешиў бойынша керекли шараларды көриў лазым.

Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерине өткерилетуғын сайлаўлардың даўамылығын тәмийинлеў ҳәм айрым сайлаў ҳәрекетлерин әпиўайыластырыў мақсетинде пуқаралар жыйыны баслығы

---

[1] Қарақалпақстан Республикасы «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»ғы (жаңа редакцияда) Нызамы. 2013-жыл 5-июльдеги 162-XIII санлы Қарақалпақстан Республикасы нызамы менен тастыйықланған.

(ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлери сайлаўына тийисли мүддетти 3 жыл етип белгилениўи мақсетке муўапық болар еди;

Өзбекистан Республикасы Конституциясының 117-статьясына төмендеги қосымшаларды киргизиўди усынамыз: “Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўы, Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы сайлаўы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси сайлаўы және халық депутатлары ўәлаят, район ҳәм қала мәмлекетлик ҳәкимияттың ўәкиллик уйымларына, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына сайлаў тийислисинше олардың конституциялық мүддети тамам болатуғын жылда – декабрь айының он күнлигиниң биринши екшенбесинде өткериледи".

Бүгинги күнде пуқаралар жыйынына өткерилетуғын сайлаўларға тийисли ҳуқықый тийкар менен тәмийинленгенлик және оларды тереӊ додалаў арқалы оқытыў мәселесине итибар қаратыў лазым. Пуқаралар жыйынына өткерилетугын сайлаўлар басланыўдан алдын пуқаралар жыйынлары баслығы (ақсақалы) кеңесгөйлери сайлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериўге көмеклесиўши комиссия ағзаларын арнаўлы курста оқытыў лазым деп есаплаймыз.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

### I. Басшы әдебиятлар:

1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т. 2. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т. 3. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т. 4. – Т.: Ўзбекистон, 1996.

5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т. 5. – Т.: Ўзбекистон, 1997.

6. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т. 8. – Т.: Ўзбекистон, 2000.

7. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. 10. – Т.: Ўзбекистон, 2002.

8. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003.

9. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.: Ўзбекистон, 2005.

10. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: «Ўзбекистон», 2009.

11. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамиятини барпо этиш - устувор мақсадимиз. Президент Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси. “Халқ сўзи” газетаси, 28 январь 2010. №19.

12. Каримов И.А. Асосий вазифамиз-ватанимиз тараққиёти ва ҳалқимиз фаровонлиги янада юксалтиришдир. Президент И.А.Каримовнинг Вазирлар Маҳкамасининг 2010-йил 29-январь куни булиб утган мажлисидаги маърузаси. . “Халқ сўзи” газетаси, 30-январь 2010. №20.

13. Каримов И.А. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнe де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы». 2010-жылы 12-ноябрь Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа Мәжилисиндеги баянаты. “Халқ сўзи” газетасы, 14-ноябрь 2010.

14. Каримов И.А. 2014-йил юқори ўсиш суръатлари билан ривожланиш, барча мавжуд имкониятларни сафарбар этиш, ўзини оқлаган ислоҳотлар стратегиясини изчил давом эттириш йили бўлади. Т.: Ўзбекистон” – 2014.

15. Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажилисидаги маъруза. Т.: “Ўзбекистон”- 2015.

## II. Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер:

1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: “Ўзбекистон” - 2014 йил.

2. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. Н.: “Қарақалпақстан”- 2014.

3. Ўзбекистон Республикасининг «Маҳаллий давлат ҳокимияти тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993-йил, 9-сон, 321- модда.

4. Ўзбекистон Республикасининг «Фуқароларнинг ўзини-ўзи бошқариш органлари тўғрисида» ги (янги таҳрирда) Қонуни.- Халқ сўзи 2013-йил 22-апрель.

5. Ўзбекистон Республикасининг “Фуқаролар йиғини раиси (оқсоқоли) ва унинг маслаҳатчилари сайлови тўғрисида”ги 2013-йил 22-апрелда қабул қилинган ЎРҚ-351-сонли Қонуни.

6. Ўзбекистон Республикасининг “Жамоат бирлашмалари тўғрисида”ги Қонуни. Ўзбекистон Республикасининг Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997, -№2, 36-модда.

7. Қарақалпақстан Республикасының “Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары ҳаққында”ғы Нызамы. 05.07.2013.

8. Қарақалпақстан Республикасының “Пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаў ҳаққында”ғы Нызамы. 05.07.2013

9. Ўзбекистон Республикасининг «Халқ депутатлари вилоят, туман ва шаҳар Кенгашларига сайлов тўғрисида»ги (янги таҳрирда) Қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 2003. 9-10-сон, 134-модда.

10. Нодавлат нотижорат ташкилотлари фаолиятини тартибга солувчи норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўплами.-Т.: 2008.

11. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 07.12.2004 . ПФ-3521-сон "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларида диний маърифат ва маънавий-ахлоқий тарбия масалалари бўйича маслаҳатчи лавозимларида ишловчи аёлларни ижтимоий муҳофаза қилишни кучайтириш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида"ги Фармони;

12. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ходимлари меҳнатини рағбатлантиришга оид қўшимча чора тадбирлар тўғрисида”ги Фармони (09.07.2012. ПФ-4451)

13. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 10.10.2013. ПҚ-2050-сон "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ходимларининг малакасини ошириш бўйича ўқув курсларини ташкил этиш тўғрисида"ги Қарори;

14. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Болали оилаларни давлат томонидан кўллаб-қувватлашни янада кучайтириш тўғрисида”ги 1996-йил 10-декабрдаги ПФ-1657 сонли Фармони
15. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Аҳолини аниқ йўналтирилган ижтимоий мадад билан таъминлашда фуқароларнинг ўзини-ўзи бошқариш органлари ролини ошириш тўғрисида”ги 1999-йил 13- январдаги ПФ-2177 сонли Фармони
16. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Аҳолининг ижтимоий ҳимояга муҳтож қатламларини аниқ йўналтирилган тарзда қўллаб-қувватлашни кучайтириш тўғрисида”ги 2002-йил 25-январдаги ПФ-3017 сонли Фармони
17. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш ва коммунал хизмат кўрсатиш корхоналарини қўллаб-қувватлаш чора-тадбирлари тўғрисида”ги 2005 йил 23 сентябрдаги ПФ-3662 сонли Фармони
18. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенати Кенгашининг 30.12.2010. 149-II-сон "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенатининг фуқаролик жамияти институтлари, жумладан фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари билан ўзаро ҳамкорлиги механизмини янада такомиллаштириш юзасидан Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Сенатининг 2011-йил ва кейинги йилларга мўлжалланган Комплекс ҳаракат дастурини тасдиқлаш тўғрисида"ги Қарори;
19. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын және де жетилистириў илажлары ҳаққында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары, 330-статья. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Хабарнамасы. №8, 2013-жыл, июль-декабрь.

20. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари ходимларининг малакасини оширишнинг ташкилий тузилмаси ва тизими тўғрисида Низом (ЎзР ВМ 14.12.2013 й. 328-сон қарорига 1-илова);

21. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятини мувофиқлаштириш бўйича республика кенгаши тўғрисида Низом (ЎзР ВМ 30.09.2013. 267-сон Қарорига 2-илова);

22. Вазирлар Маҳкамасининг "Болаликдан ногиронларга, қарияларга ва меҳнатга лаёқатсиз фуқароларга нафақалар тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида"ги 1994-йил 24-июндаги 319-сон Қарори

23. Вазирлар Маҳкамасининг “Ижтимоий ҳимояга муҳтож шахсларни ишга жойлаштириш учун иш жойларининг энг кам миқдорини белгилаш тартиби тўғрисидаги Низомни ва Аҳолини иш билан таъминлаш тўғрисидаги қонун ҳужжатларини бузганлик учун жарима солиш тартиби тўғрисидаги Низомни тасдиқлаш ҳақида”ги 1998- йил 1-декабрдаги 504-сон Қарори

24. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг “Ўзгалар парваришига муҳтож ёлғиз кексалар, пенсионерлар ва ногиронларга ижтимоий ёрдам кўрсатишни кучайтириш тўғрисида”ги 2002-йил 29-мартдаги 106-сон Қарори

25. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирининг 2002 йил 1 апрелдаги 21-сон буйруғи билан тасдиқланган “Давлат ижтимоий суғуртаси бўйича нафақалар тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида”ги Низом

26. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 07.10.2013. 274-сон "Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги Қарори.

27. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирлиги, Молия вазирлиги, Республика "Маҳалла" жамғармаси ва Халқ банкининг 2002-йил 8-февралдаги 11/501, 32, 16 ва 8-сон қарори

билан тасдиқланган “Ишламайдиган оналарга бола икки ёшга етгунга қадар уни парвариш қилганлиги учун ойлик нафақа тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида”ги Низом

28. Ўзбекистон Республикаси Меҳнат ва аҳолини ижтимоий муҳофаза қилиш вазирлиги, Молия вазирлиги, Республика "Маҳалла" жамғармаси ва Халқ банкининг 2002-йил 8-февралдаги 11/501, 32, 16 ва 8-сон қарори билан тасдиқланган “Ишламайдиган оналарга бола икки ёшга етгунга қадар уни парвариш қилганлиги учун ойлик нафақа тайинлаш ва тўлаш тартиби тўғрисида”ги Низом

## III. Арнаўлы әдебиятлар

1. Абдураззақов С.Қ. Ўзбекистон Республикасининг маҳаллий ҳокимият вакиллик органлари тизимининг ижтимоий-иқтисодий ва ташкилий хукуқий асоси. -Т.: Адолат, 1995.

2. Азизхўжаев А.А. Ҳусанов О.Т. Азизов Х.Т. Ўзбекистон Республикаси Конституциявий ҳуқуқи. (изоҳли луғат) .-Т.: “Ўзбекистон», 2001.

3. Азизхўжаев А.А. Давлатчилик ва маънавият. -Т.: «Шарқ», 1998.

4. Асадов Ш. Маҳаллий давлат ҳокимияти органлари. –Т. ТДЮИ, 2012.

5. Аҳмедов Д.Қ., Маликова Г.Р. Организация деятельности органов самоуправления граждан. - Ташкент: ТГЮИ, 2005. - 393 с.

6. Аҳмедов А. Фуқаролар йиғинларининг раислари (оқсоқоллари) томонидан айрим фуқаролик ҳолати далолатномаларининг рўйхатга олиниши ва нотариал ҳаракатларини амалга оширилишининг ҳуқуқий асослари. -Т. “ASR MANBUOT ”, 2008 .

7. Вахабов А. Давлат ҳокимиятнинг махалий бошқарув ва ўз-ўзини бошқарув орғанлари. -Ўзбекистон Республикаси-мустақил давлат. -Т.: «Адолат». 1994.

8. Емельянов Н.А. Местное самоуправления в зарубежных странах. -М. 1998.
9. Жалилов Ш. Давлат ҳокимияти маҳаллий органлари ислоҳоти: тажриба ва муаммолар.-Т.: 1994.
10. Жалилов Ш. Маҳалла янгиланиш даврида.-Т.: «Меҳнат», 1995.
11. Жалилов Ш. Кучли давлатдан-кучли жамият сари.-Т.: «Ўзбекистон», 2001.
12. Жалилов Ш.Ўзбекистон Республикасининг ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқи. “VORIS-NASHRIYOT”.-Т.: 2007.
13. Ш.Жалилов Давлат ҳокимияти маҳаллий органлари ислоҳати, тажриба ва муаммолар. -Т.: Ўзбекистон. 1984.
14. Жалилов Ш. Маҳалла янгиланиш даврида. -Т.: Маҳалла. 1995.
15. Жалилов Ш. Ўзбекистон Республикаси ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқи. «VORIS-NASHRIVOT» - 2007.
16. Исламов З. Роль и право и нормы обшественных организаций в самоуправлении народа.-Т: 1986.
17. Исломов З. Давлат ва ҳуқуқ умумназарий масалалари. -Т.: «Адолат», 2000.
18. Кутыбаева Е.Д., З.А.Реймова. Қорақалпоғистон Республикасида фуқароларнинг узини узи бошқариш органларининг шаклланиши ва ривожланиши (Монография), -Н.: «Билим», 2005.
19. Кутыбаева Е.Д., Реймова З.А., Адилова М., Дауменов Б., Низаматдиноа Қ., Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаў системасында тутқан орны. –Н.: “Қарақалпақстан”, 2014.
20. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына түсиндирме. –Н.: «Билим». 2015.
21. Маҳаллий давлат ҳокимияти органларининг ҳуқуқий асослари.- Т.: «Ўзбекистон» 2009.

22. Матмуратов Б.Ж., З.А.Реймова, Пуқаралар жыйынының баслығын (ақсақалын) ҳәм оның кеңесгөйлерин сайлаўдың ҳуқықый тийкарларына байланыслы сораў-жуўаплар, Н.: «Қарақалпақстан», 2011.

23. Ниетуллаев С.Д., Чарыяров У. Пути демократизации государства. - Н.: Каракалпакстан. 1981.

24. Ниетуллаев С.Д. Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық ҳуқықы. -Н.: «Билим». 1996.

25. Олламов Я., Саидова Х. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш ҳуқуқи: назария ва амалиёт масалалари. – Т.: ТДЮИ, 2006.

26. Олламов Я. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш – халқ ҳокимиятчилигининг асоси. –Т.: “Шарқ”, 2011.

27. Сиддиков Р.Р Представительные органы и непосредственная демократия в системе местного самоуправления.-Т.: Университет, 1993.

28. Ўзбекистон Республикасининг Конституциясига шарх.- Т.: «Ўзбекистон». 2008.

29. Хусанов О. Т. Ўзбекистон Республикаси давлат органлари. -Т.: Шарқ. 1996.

30. Хусанов О.Т. Конституциявий ҳуқуқ. Т.: «Адолат» - 2013.

## IV. Интернет ресурслар

**www.lex.uz**

**www.ziyonet.uz**

**www.gov.uz**

**www.ilmziyo.uz**

**www.oxs.uz**

**www.allpravo.ru**